



IICA

Radyo Ekstansyon  
Pwojè Repèpleman Kochon



*PWOGRAM RADYO RIRAL*

*3 Pawòl*



*Vol.: II*

*Piblikasyon No.: A2/HT-88-171*

IICA  
C20  
M277  
v.2

*Otè:*

*Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon*





Pou premye fwa Enstiti Entèameriken pou Kooperasyon nan Agrikilti IKA, ajoute yon seksyon nan pwogram ekstansyon "pwoje pou pleman kochon" - yon pwogram radyo ekstansyon osèvis kominote riral-~~yo~~.

Direksyon IKA/Ayiti, voye yon gwo kout chapo pou:  
**Danièle Mangonès-Dejean**  
 ki Koòdonatèz pwogram radyo ekstansyon-an e ki te kreye pwogram-~~yo~~.

Pwogram-~~yo~~ se yon rezilta demand ke abitan-~~yo~~ tè fè ekip ekstansyon IKA-a depi 1984 lè nou te kòmanse fè fòmasyon pou yo nan tout rakwen peyi-an. Pwogram sa-~~yo~~, se yon echantyon travay nou fè andeyò dirèkteman ak abitan-~~yo~~.

Chak jou, peyizan-~~yo~~ ka koute pwogram agrikòl-~~yo~~ "3 Pawòl" sou radyo, ki pataje anpil kòzman avèk yo sou elvaj bèf, poul, kabrit, milèt, chwal, kochon elatriye. Li pale-~~yo~~ de rebwazman, konsèvasyon tè-nou-~~yo~~ ak agrikilti an jeneral. Epitou li gen ti konsèy sou ijyèn famiyal ak sante piblik.

Nou swete ke avèk asistans elvè-nou-~~yo~~ ap resevwa nan 50 diferan zòn peyi-an, pwogram radyo riral-lan ka ede-~~yo~~ piplis e fè-~~yo~~ jwenn pwòp solisyon-~~yo~~ kote yo pa't gen l'espwa anvan.

Nou ankouraje nenpòt ki òganizasyon ki ta vle kontinye ede elvè Ayisyen-~~yo~~, pou sèvi ak enfòmasyon sa-~~yo~~.

Nou te rive fè pwogram sa-~~yo~~ gras a asistans teknik RADYO NEDELEN ki te fòme 5 moun an Ayiti nan domèn kominikasyon riral. Nou remesye-~~yo~~ pou asistans sila-a

*Percy Aitken-Soux*  
 Reprèzantan Rezidan  
 IKA/Ayiti



00000481

PM

A2 14T

88-171

## REMESIMAN

*Nou konnen ke travay ekstansyon se yon travay ekip li ye.  
Donk mwen ta renmen remèsye kolaborasyon tou dabò:*

*Direktè Pwojè Repèpleman Kochon*

*Drew Kutschenreuter*

*ak Doktè Maureen Birmingham*

*Doktè Ariel Azael*

*Nitrisyonis Alfredo Mena*

*epi agronòm-nou-yo:*

*Willy Lamur*

*Michelet Mascary*

*Raoul Jean-Louis*

*Jean-Claude Beauvais*

*Pierre St. Leger*

*Renaud Jean*

*Enstitisyon MCC ak PADF epi Chavannes Jean-Baptiste  
ak tout lòt konpratriyòt-yo ki gen enterè Ayiti nan  
kè-yo.*

*Tout moun sa-yo te banm anpil lide pou fè diferan pwogram  
 radyo rural-yo.*

*Mwen ta renmen remesye espesyalman Radyo Ayiti Entè pou  
realizasyon pwogram-yo epi pou asistans teknik Mano epi chèf  
pwodiksyon-yo-an Jean-Israel Ramo pou pasyans ak kolaborasyon-  
yo epi vwa-yo.*

*Nou apresye kreyativite elvè Grandans-yo pou diferan chante  
sou sante bèt ke yo te fè-nou jwenn pou diferan pwogram epitou  
Helen Welle pou chante sou 3 manje ak kèk lòt.*



*Danièle Mangonès-Dejean*

*Koòdonatèz Radyo Ekstansyon  
IIKA/Ayiti*



*Chak volim reprezante 20 pwogram radyo rural*

*Chak Volim represante 1 mwa difizyon*


*Pwogram Lendi jiska Jedi difize pandan 7 minit*

*Pwogram Vandredi difize pandan 15 minit*

*Chak volim gen 2 kasèt 90 minit ki ale avèk-yo*

*Kasèt sa-yo ale andeyò nan men 50 fòmàtè ki fè fòmasyon pou milye peyizan e milye peyizan sa-yo pataje konesans-yo ak milye lòt. Nou voye leson ki ekri-yo tou anplis, nou voye yon kesyonè pou'n rive konnen opinyon elvè-yo sou pwogram-nan. Ki vle di si kèk bagay pa't klè oubyen yon abitan tè manke yon pati de yon pwogram, li ka gen opotinite ratrape'l ak fòmàtè nan zòn kote l'ap travay-lan.*

*Aprè nou difize 3 mwa de pwogram diferan, nou rebran yon seri de sa ke elvè-yo remande epitou sistematikman nou rebran leson ki trè teknik-yo Plizyè fwa sou dòt fòm.*









**Pwogram 3 Pawòl Ki Nan Vol.:II**

- . **Men Kijan Pou Rive Fè Yon Benefis si ou Gen Kochon**
- . **Poukisa Li Ta Bon Pou Sèvi ak Poupou Kochon Kòm Fimye**
- . **Kòzman Sou Kisa Nou Rele Yon Gwoup**
- . **Ròl Yon Animatè Nan Devlopman Riral**
- . **Zen Sou Lamanjay**
- . **Tetanòs**
- . **Maladi Ki Sanble**
- . **Diferan Maladi Ki Gen Menm Non**
- . **DIAKOUT-LA CHAJE**
  - . **Kijan Pou Nou Bay Kochon-Nou-Yo Manje**
  - . **Kijan Pou'n Kwaze Yon Chwal**
  - . **Kijan Pou Chwazi Yon Chwal Pou Achte**
  - . **Maladi Nou Rele Chabon**
  - . **Kisa Pou'n Fè Si Nou Gen Kèk Pwoblèm Oswa Nou Ta Renmen Kèk Fòmasyon Bò Lakay Nou.**
- . **Bon Konsèy Pou Fè Elvaj Poul Byen**
- . **Kouman Pou Bay Poul-Yo Swen Chak Jou**
- . **Kèk Fòmasyon Ke Nou Ka Benefisye Sou Teren-An**
- . **Ki Siy Kabrit Montre-Nou Lè Yo Malad**
- . **Kisa Pou Fè Lè ou Sispèk Kabrit-ou Malad**
- . **Diferan Bagay Ki Ka Atake Kabrit**
- . **Avantaj Ak Dezavantaj Fè Elvaj Kabrit Nan Pak**
- . **Kijan Pou'n Retire Kòn Kabrit-yo**
- . **Avantaj Ak Dezavantaj Pou Mare Kabrit Ak Kòd**
- . **Kèk Ti Konsey Lè Ou Touye Kabrit Pou Vyann**
- . **Pwoblèm Erozyon**
- . **Kisa Ki Lakòz Erozyon**
- . **Pwazon Pou Touye Erozyon**



**. DIAKOUT-LA CHAJE**

- . Kijan Pou'n Evite Anpil Maladi**
- . Pwòpte Nan Manje**
- . Pwòpte Nan Bweson**
- . Kijan Pou'n Pwoteje Pitit-Nou-Yo**
- . Pwòpte Piblik (Sanitasyon)**
- . An-Nou Plante Pwa**
- . Kijan Pou'n Konstwi Yon Zouti Nou Rele Nivo-A**
- . Kijan Pou'n Fè Yon Baryè Pay ou Ranp**
- . Yon Ti Eklèsisman Pou Kèk Elvè Sou Diferan Swen Yo Fèt Pou Bay Bèt-yo An Jeneral**
- . Lè Chwal Gen Maldo**
- . Maladi Nou Rele Briselòz (Ki Atake Bèt Ak Moun)**
- . Kèk Sipèstisyon Moun Konn Genyen**
- . Sa Ki Verite E Sa Ki Pa Verite**
- . Lè Yon Chwal Malad, Men Ki Siy Ou Ka Wè**
- . Lè Ou Sispèk Yon Chwal Malad, Men Sa Ou Dwe Fè**
- . Maladi Ti Chwal**

**. DIAKOUT-LA CHAJE**

- . Pitimi**
- . Kijan Pou'n Pran Kontak Ak IIKA**
- . Maladi Ke Moun Ak Bèt Ka Trape: Trichinoz**
- . Kèk Konsèy Pou Kenbe Poul-Nou-Yo An Sante**
- . Kijan Pou Sèvi Ak Remèd**
- . Remèd Sou Fòm Likid**
- . Kijan Pou Prepare Yon Sereng Pou Bay Yon Piki**
- . Ki Risk Ki Genyen Lè Ou Bay Remèd Pa Piki**
- . Kijan Pou'n Deside Ki Maladi Yon Kochon Genyen**
- . N'ap Ban'nou Diferan Maladi Kochon Ka Genyen Ak Plizye Bagay Ki Ka Kòz Maladi Sa-Yo**
- . Konsèy Doktè Morin Sou: Ti Bèf Ki Fèb**
- . Pwoblèm Ak Bèf Ki Pa Vle Manje**

**. DIAKOUT-LA CHAJE**

- . Kijan Pou Rekonèt Blesi Ki Enfekte**
- . Kijan Pou Trete-yo**



- . Yon Ti Revizyon Sou Zouti Nou Rele Nivo-A*
- . Kijan Pou'n Fè Kanal Kontou*
- . Kisa Pou Fè Si Ou Bezen Kèk Ti Esplikasyon Sou Pwogram  
3 Pawòl-Lan*







**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
*koòdonatèz Radyo Ekstansyon*

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 13 FEVRIYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1:** *Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: MEN KI JAN POU RIVE FE YON BENEFIS SI OU GEN KOCHON EPI POUKISA LITA BON POU SEVI AK POUPOU KOCHON KOM FIMYE. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk-nou.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Si ou ta vle pwofite ak elvaj kochon, fè atansyon avèk tout depans w'ap fè-yo. Toutan, tyeke pri tout kalite manje ki disponib pou vann epi toujou achte sa ki pi bon mache. Ki lòt baga, Dan?*

**NAR.1:** *Fè posib-ou pou sèvi ak manje ou ka jwenn nan zòn bò lakay-ou ki pa koute twò chè. Epi, pa bliye ou ka fè plis benefis lè ou vann yon kochon lè li peze 200 liv. Si ou tann li peze plis li pa'p pwofite e w'ap pèdi benefis-la.*

**NAR.2:** *Fè atansyon lè w'ap mennen kochon-ou nan mache - pa bat-li, pa kite'l vin twò bouke ou twò cho pandan l'ap mache. Epi, fòk*

1  
2  
3  
4  
5  
6  
7  
8  
9  
10  
11  
12  
13  
14  
15  
16  
17  
18  
19  
20  
21  
22  
23  
24  
25  
26  
27  
28  
29  
30  
31  
32  
33  
34  
35  
36  
37  
38  
39  
40  
41  
42  
43  
44  
45  
46  
47  
48  
49  
50  
51  
52  
53  
54  
55  
56  
57  
58  
59  
60  
61  
62  
63  
64  
65  
66  
67  
68  
69  
70  
71  
72  
73  
74  
75  
76  
77  
78  
79  
80  
81  
82  
83  
84  
85  
86  
87  
88  
89  
90  
91  
92  
93  
94  
95  
96  
97  
98  
99  
100

*li te deja abitye ak kòd avan ou mennen-li nan mache paske si yon kochon bat kò'l twòp akòz li pa't abitye ak kòd oswa li vin twò cho oswa li vin twò bouke, li ka mouri.*

**NAR.1:** *Menm si ou pa gen kòb pou depanse pou kochon-ou, gen plizyè bagay ou ka fè ki pa koute anyen e ki ka ede kochon-ou pwofite plis e ki ka evite-ou anpil pwoblèm. Pa egzanp, kenbe ti kochon sèk, pwoòp e cho ka evite dyare kay ti kochon.*

**NAR.2:** *Pòte dlo pou kochon-an 3 fwa pa jou omwens. Kochon-ou ap grandi pi byen paske li ka pwofite pi byen de mandje'l. Fè yon bon netwayaj 2 fwa pa jou konsa ou ka evite mikwòb ki kòz anpil maladi. Pa kite kochon-yo lage paske yo ka trape gal (yon lagratèl ki ka seche kochon-ou). Lòt bagay, lè bèt-la lage, li ka manje pou pou moun ki ka fè'l gen grenn nan vyann. Lè sa-a ou pa'p ka jwenn bon benefis lè ou vle vann kochon sa-a.*


**NAR.1:** *Si kochon-an vin twò cho, sa vle di l'ap soufle ak bouch-li louvri, voye enpe dlo sou-li.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Dan, pouki rezon, yon moun ta dwe sèvi ak pou pou kochon kòm fimye pou jaden'l?*

**NAR.1:** *Pou pou kochon gen yon pwodui chimik ladan'l ki rele azòt. Azòt enpòtan anpil pou ede plant-yo grandi byen donk si ou sèvi ak fimye kochon nan jaden-ou, l'ap fè jaden-an pi rich, l'ap fè plant-yo grandi pi byen e sa'k pi bèl sè ke sa pa'p koute-ou anyen. Ramo, ou konnen ke gen 3 jan pou sèvi ak pou pou kochon kòm fimye?*

**NAR.2:** *Premye fason-an Dan se lè ou melanje pou pou fre dirèkteman nan jaden-ou avan ou plante. ATANSYON! Pa mete pou pou fre*



*dirèkteman nan jaden-an apre ou fin plante paske azòt ki nan pou pou fre-a two fò pou plant yo e ka boule yo.*

**NAR.1:** *Yon lòt fason se dekonpoze pou pou-a. Dekonpoze, se lè mikwòb fè pou pou-a tounen tè. Pou dekonpoze pou pou-a, fè yon pil yon kote ki gen lonbraj oubyen kouvri'l ak tè oswa nenpòt lòt bagay pou solèy pa frape'l. Si solèy frape'l twòp, l'ap bwè anpil azòt ladan'l.*

*Apre 2 semenn, foure men-ou anndan pil-la pou tyeke si li cho. Si li cho, pou pou-a ap dekonpoze vre. Si li pa cho, petèt li manke ase lè oswa ase imidite. Alòs, si sa rive, voye enpe dlo sou li epi tounen pil-la. Sa vle di, mete pou pou ki anwo anba epi mete sa ki anba, anwo. Konsa, li jwenn ase lè pou dekonpoze. Apre 1 mwa konsa, tounen pil-la ankò. Apre 2 mwa l'ap vin yon bon fimye.*

**NAR.2:** *Denye bagay ou ka fè ak pou pou kochon-an se konpòs. Konpòs se lè ou dekonpoze pou pou-a ansanm ak lòt dechè. Sa vle di melanje dechè tankou zèb, fèy raje, pay kafe epi pou pou lòt bèt, po pwa ou nenpòt dechè kizin. Men kijan pou fè sa:*

**NAR.1:** *Kòmmanse fè yon pil apepre 1 pa e demi (1 mè e demi) longè e lajè. Mete yon poto nan mitan pil-lan. Pa bliye, mete yon poto nan mitan pil-lan. Rache tout dechè, zèb e fèy pou fè premye kouch-la. Fè'l 1 pye wotè epi voye 2 bokit dlo sou li. Apre sa mete pou pou nan dezyèm kouch-la. Kontinye fè kouch dechè ak kouch pou pou konsa jouktan pil-la gen menm wotè ak zepòl-ou. Lè'l rive wotè sa-a, kouvri pil-la ak pay oubyen ak tè oswa mete'l nan lonbraj, pou lapli pa fè'l twò mouye epi solèy pa bwè twòp azòt ki ladan'l. CHAK SEMENN SOUKE POTO-A POU FE LE RANTRE ANNDAN PIL-LA.*

*Apre 2 semenn, foure men-ou anndan pou wè si pil-la chofe. Si li pa chofe, voye plis dlo sou li epi tounen pil-la menm jan ak pil pou pou-a lè li pa't chofe. Chak mwa, tounen pil-la pou ede lè antre. Apre 3 mwa konsa, w'ap gen bon konpòs pou jaden-ou. Se bon fimye li ye.*

**NAR.2:** *Ou ka sèvi ak fimye ki byen dekonpoze'3 jan: swa ou mete'l nan jaden-ou pandan w'ap prepare tè-a pou-ou plante oswa ou ka mete'l nan jaden-ou apre ou fin plante oswa ou ka mete'l nan*



*dèyè chak plant (toutotou-yo)*

**NAR.1:** *ATANSYON: Konpòs ki pa fin dekonpoze nè ap pran azòt ki nan jaden-ou pou'l fin dekonpoze dechè-yo. Konsa jaden-ou ka gen mwens azòt e plant yo ap mal pou grandi jouktan dechè-yo fin dekonpoze nè.*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*







**A:** PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE:** Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon

**POU:** Pwogram Madi 14 Fevriye 1989

**KONTWOL:** ENTWODIKSKYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PREGRAVE

**NAR.1:** Jodi-a 3 Pawol pote pou nou: KOZMAN SOU KISA NOU RELE YON GWROUP EPI ROL YON ANIMATE NAN DEVLOPMAN RIRAL. Ak Danièle Mangonès-Dejean, Reskonsab Radyo Ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE

**NAR.2:** Tout moun ap pale de gwoup. Yo pale de yon gwoup pou yo di jan yo renmen'l oubyen jan yo deside fè eksperyans yo avèl. Gen tout sot de gwoup tankou: gwoup sosyal, gwoup politik, gwoup kiltirèl, gwoup relijyèz, gwoup detid, gwoup daksyon elatriye. Men, kisa yon gwoup ye?

**NAR.1:** Pou nou ka di genyen yon gwoup fòk gen rasanbleman moun ki an relasyon youn ak lòt epi kap pouswiv yon menm bi. Sa vle di: yon sèl moun pa yon gwoup. Fòk genkyen yon lòt bagay tou fòk moun ki la-yo youn konn lòt epi fòk yo gen relasyon antre yo.

**NAR.2:** Konsa nou ka di yon gwoup se plizye moun kap fè menm bagay pou yo realize menm bi epi y'ap fè travay sila-a tèt ansanm. Men poukisa n'ap pale de sa jodi-a Dan?

1  
2  
3  
4  
5  
6  
7  
8  
9  
10  
11  
12  
13  
14  
15  
16  
17  
18  
19  
20  
21  
22  
23  
24  
25  
26  
27  
28  
29  
30  
31  
32  
33  
34  
35  
36  
37  
38  
39  
40  
41  
42  
43  
44  
45  
46  
47  
48  
49  
50  
51  
52  
53  
54  
55  
56  
57  
58  
59  
60  
61  
62  
63  
64  
65  
66  
67  
68  
69  
70  
71  
72  
73  
74  
75  
76  
77  
78  
79  
80  
81  
82  
83  
84  
85  
86  
87  
88  
89  
90  
91  
92  
93  
94  
95  
96  
97  
98  
99  
100


*NAR.1: Paske travay fòmataè-yo, travay ekip ekstansyonis-yo k'ap feraye nan milye riral-lan se ak gwoup moun yo travay. Nou menm tou, lè nou pataje konesans-nou ak moun ki nan kominote-nou, se ak gwoup n'ap travay. Se pou sa jodi-a nou vle pale de avantaj gwoup epi animasyon ak kalite yon bon animatè ta dwe genyen.*

*NAR.2: Yon gwoup se yon nesesitye li ye nan yon sosyete. Li pèmèt-nou amelyore edikasyon manm-yo. Li pèmèt devlope pèsonalite ak kalite manm-yo. Li pèmèt-nou aksepte yon disiplin epi abitye youn ak lòt. Li pèmèt-nou konbat egoyis. Li fè timid-yo vin gen konfyans nan tèt-yo epi pran responsabilite-yo. Li pèmèt-nou reflechi. Konprann koute lòt, aksepte ide lòt moun epi li fè nou gen abitud pran desizyon. Kisa gwoup-lan gen pou wè ak animasyon, Dan?*

*NAR.1: Fòk gen yon gwoup moun pou gen animasyon. Animasyon vle di mete lavi, mete nanm, bay gou viv ansanm. Lè nou di n'ap fè animasyon, sa pa vle di: òganize, anseye, dirije. Animasyon vle di n'ap ede yon gwoup mache, n'ap ede yon gwoup reveye pou li rive pran tèt li an men. Nou menm k'ap fè travay sa-a se animatè nou rele.*

*NAR.2: Ki vle di la-a, yon fòmataè: se yon animatè li ye? Yon ekstansyonis se yon animatè li ye tou?*

*NAR.1: Se sa menm. Yon animatè, li osèvis yon gwoup. Li la pou'l ede gwoup-la pwogrese nan sa li vle jwenn-a. Lè n'ap fè animasyon nou ka gen 2 konpòtman. Dirije oswa pa dirije. Konpòtman sa-yo bay 4 estrikti nan gwoup-yo.*



**NAR.2:** Gen estrikti save kote animatè-a ka fè yon konferans save epi apre li envite gwoup-la poze kesyon men menm li menm reponn pwòp kesyon'l. Pa gen echanj. Fason sa-a pa ede moun-yo patisipe.

**NAR.1:** Yon lòt estrikti se estrikti blòf kote animatè-a kite tout moun bay ti kòzman-yo lè yo vle epi lè yo fin di ki chanjman yo ta renmen wè, animatè-a kontinye san li pa chanje anyen, san li pa adopte anyen nan sa moun-yo te di.j

**NAR.2:** Gen estrikti dezòd kote animatè-a kite tout moun pale. Chak moun di sa yo vle. Apre yon reyinyon konsa moun-yo rantre lakay-yo san desizyon epi ak anpil konfizyon.

**NAR.1:** Denye estrikti-a se estrikti demokratik kote animatè-an travay ak ti ekip epi ak kesyon. Chak moun pale men nan lòd. Estrikti sa-a ede tout moun nan gwoup-la pran desizyon. Ki wòl nou wè yon animatè ta dwe genyen, Mano?


**NAR.2:** Wòl animatè-a se fè moun-yo konprann. Li dwe koute moun k'ap pale e li la pou'l reprann pou moun ki pa konprann-yo. Animatè-a la pou'l bay fòmasyon oubyen pou'l bay reyinyon-an direksyon. Lè fini, f'òl ka rezime tout sa ki te di-yo. Animatè-a la pou'l fè gwoup-la travay nan lòd.

**NAR.1:** Animatè-a la pou-li satisfè tout moun. Li chache konnen bezwen gwoup-la pou li kapab genyen yon pi bèl prezans nan mitan-yo. Li la pou-li kreye yon bon klima, pou'l ankouraje moun-yo devlope talan-yo. Epi li trè zenpòtan pou animatè-a veye dire reyinyon-an. Si'l te bay yon lè pou'l fini li pa fèt pou'l depase lè sa-a. Sèlman si gwoup-lan an majorite ta mande pou kontinye apre lè li te bay pou reyinyon-an fini, li kapab kontinye'l.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE

**NAR.2:** Ki kalite nou ta dwe genyen pou'n rive fè yon bon animatè?

**NAR.1:** Youn nan premye kalite pou yon animatè genyen se konfyans nan tèt-li. Epi fòk li ka aksepte rès gwoup-la jan yo ye a e li



*dwe respekte-yo pou sa yo ye.*

**NAR.2:** *Fòk animatè-a pa charye yon pakèt prejije. Fòk li gen lespri vyèj. Sa vle di li pa dwe vini ak lide tou pare sou moun yo oswa sou gwoup-la. Fòk se yon moun ki pa femen. Ki bay akèy anpil enpòtans. Li pa fèt pou'l egoyis ki wè tout bagay pou li. Sa dwe yon moun ki konn viv ak lòt etan li ka bliye tèt li pou'l sonje lòt yo.j*

**NAR.1:** *Animatè-a dwe senp. Senp nan langaj-li. Senp nan fason li abode pwoblèm-yo e li dwe senp tou nan abiman'l. Fòk li ka adapte'l a tout sikonstans. Yon moun ki kite ti kric ti krak kontrarye'l pa ka fè yon bon animatè. Lè nou adapte-nou a tout sikonstans, nou ka travay nenpot kote, nou mete chans bo kote'n pou'n travay nan nenpot sikonstans.*

**NAR.2:** *Men, fòk se yon moun ki fèm. Fèm men pa sevè. Li dwe yon moun ki gen karaktè ak pèsonalite. Li pa kite moun fè'l a dwat fè'l a gòch. Li konn sa'l vle. Li gen fòs ak karaktè ki pèmèt-li pran desizyon lè sa nesesè.*

**NAR.1:** *Se yon moun ki gen bon jan. Paske nan animasyon, relasyon youn ak lòt enpòtan. Sa fè yo aksepte'l pi vit, pi byen. Animatè-a konn fè silans lè li merite fè silans. Li konn sour5i, bay ti blag lè li nesesè. Se yon moun!*

**NAR.2:** *Wi, se yon moun ki gen posibilite kreye, imajine, fè rezime. Animat-a se yon chèf okès kap ankouraje fè etan lap akonpaye.*

**NAR.1:** *Menzanmi, tout kòzman sa-yo pa dwe bannou tèt chaje. Nou tout gen anpil bèl kalite sa-yo lakay-nou. Si nou manke 2 zou 3, nou ka fè kèk ti jefò pou'n fè travay animasyon-an miyò kote nou ye-a. Nou swete-nou tout bonn chans nan travay tèt ansanm n'ap fè pou devlopman riral. Chak fwa nou mete kè-nou, nanm-nou nan travay n'ap fè-an, se bon travay animasyon n'ap fè. Nou espere ti k±zman sa-a ede nou chak nan travay nou. A la pwochenn.*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM-NAN AK MIZIK PREGRAVE.*







A: **PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

DE: **Danièle Mangonès-Dejean**  
**Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

POU: **PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 15 FEVRIYE, 1989**

KONTWOL: **ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

NAR.1: *Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: ZEN SOU LAMANJAY. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou espere kòzman sa-yo ka sèvi elvè-nou-yo.*

KONTWOL: **MIZIK APROPRIYE**

NAR.2: *Li ta toujou bon pou kochon-yo gen tout kalite manje devan-yo toutan. Pa janm bayo yon sèl kalite manje paske li ka manke kèk bagay ladan'l. OU byen li ka pèdi kèk bagay pandan stokaj nan yon depo.*

NAR.1: *Manje nou jwenn bò lakay-nou se yon bon sous manje ki enpòtan e ki pa chè. Ladan-yo nou ka jwenn fwi ak legim tankou zaboka, joumou, grenn palmis, kè pit, bwa patat, fèy bwadòm, fèy doliv, lwil, mantèg, melas, ji kann, veritab epi pay diri, pay mayi e dechè kizin tankou po bannann e po patat. Men chak nan manje sa-yo tonbe nan youn ou plizyè gwoup lamanjay ki itil pou kò kochon-an. Eske ou ka pale-nou de 5 gwoup sa-yo, Mano?*



*NAR.2: Nou gen dlo - - pou pwoteje kò-a, pou repwodui, pou grandi, pou bay lèt. Nou gen enèji - - ki bay fòs, ki bay lèt, ki fè kò-a gra. Nou gen pwoteyin - - se manje ki bati kò-a. Nou gen mineral - - se manje ki pwoteje kò-a epi ki fè zo-yo solid. Epi finalman, nou gen vitamin - - manje ki pwoteje kò-a.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.1: Dlo se yon nouriti ki pi enpòtan pase tout lòt gwoup-yo paske san dlo kochon pa ka grandi, pa ka repwodui, pa ka bay lèt, pa menm ka viv. Epi, si kochon ap manje sèl e yo pa resevwa ase dlo, yo vin konstipe, yo pa vle manje epi sevo-yo vin anfle. Kochon ki manke dlo kapab ajì kòm si yo fou, avèg, e soud. Yo tranble, yo tonbe, yo ka bat kò-yo epi yo ka chita tankou yon chyen. Nou rele sa pwazonman sèl, men an realite se akòz kochon pa't resevwa ase dlo. Yon kochon ki gen pwazonman sèl ka mouri fasilman.*

*NAR.2: Alòs, kochon bezwen dlo fre e pwòp toutan pou grandi byen, pou repwodui, pou bay lèt, pou fotifye san, pou dijere manje e pou pwoteje-yo pandan tan cho. Enpòtan pou'n sonje ke yon manman kochon k'ap bay lèt bezwen pipis dlo ke lòt kochon. Sa vle di yon manman kochon k'ap bay lèt ka bwè omwens 7 galon dlo chak jou.*

*NAR.1: Enèji se manje ki bay kò-a fòs, ki fè kò-a gra, ki ede manman-an vin an chalè epi ki bay manman-an lèt. Si swa yon moun swa yon kochon manke enèji, yo vin mèg, manman-an ka manke lèt. Kochon ki manke enèji pi souvan se manman kochon pandan l'ap bay lèt. Si li pa resevwa ase manje ki gen anpil enèji ladan'l, l'ap vin mèg epi lè li sevre ti kochon'l-yo, li pap mande parèy ankò.*

*NAR.2: Eske nou konnen nan ki manje nou ka jwenn anpil enèji? An jeneral nan nenpòt grenn tankou mayi, d'fri, pitimi oswa ble. Nan nenpòt rasin tankou manyòk, patat e yanm. Nan nenpòt bagay ki sòti nan kann tankou sik, siwo kann, melas, ji kann e*



rapadou. Nan nenpòt lwil kizin tankou bè, mantèg, oswa lòt manje ki gen lwil. Epi nan nenpòt fwi tankou grenn palmis, veritab, zaboka, mango, korosòl ki bay enèji tou. E pwoteyin-yo, Dan?

NAR.1: Pwoteyin se manje ki bati kò-a, ki fè kò-a grandi. Donk, se ti moun ak ti kochon ki bezwen plis pwoteyin pou grandi byen. Si ti moun ak ti kochon pa resevwa ase pwoteyin, yo pa janm ka devlope byen. Epi, pwoteyin ede manman kochon gen lèt. Eske nou konnen nan ki manje nou ka jwenn anpil pwoteyin. An jeneral manje ki gen pwoteyin se nenpòt vyann oswa lòt bagay ki sòti nan yon bèt tankou lèt, fwomaj, ze e san. Epi manje ki gen pwoteyin se nenpòt pwa oswa nenpòt plant ki ka fè yon gous tankou pwa velvet, doliv, Lesena. Epi gen plizyè lòt fèy ki gen pwoteyin tankou bwa patat, fèy bwadòm. E mineral-yo?

NAR.2: An jeneral nou jwenn mineral nan tè, nan fwi, nan legim e nan plant-yo. Epi nou jwenn kalsyòm nan sab blan, tif, koki ze, zo pile epi nan grenn tankou mayi, ble, pitimi e diri. Lè kochon foure bouch-yo nan tè-a, yo ka jwenn mineral tou. Poukisa mineral bon?

NAR.1: Sa se manje ki pwoteje kò-a, ki fè kò-a mache byen, ki fè zo-yo devlope, ki kenbe zo-yo fò epi ki fè manman bay lèt. Gen plizyè kalite mineral tankou kalsyòm, fosfòm fè, zink, selenyòm, kwiv, boksit, sèl elatriye. Yon kochon ki manke mineral ou byen ki resevwa mineral ki pa byen balanse kapab kokobe, maldevlope, malrepwodui, gen janm ki kwochi, ki fèb ou ki kase fasil. Yon manman ki manke ase kalsyòm pandan l'ap bay lèt ka kòmanse gen janm dèyè fèb oswa li ka pa kanpe menm. NOu rele sa kriz kalsyòm. Epi ti kochon ki pa resevwa fè ka vin gen kriz fè, apeprè 3 semenn apre yo fèt. Pale-nou de vitamin-yo, Mano.

NAR.2: Gen plizyè kalite vitamin ki pou pwoteje kò-a e fè kò-a mache byen. Gen vitamin A, B, C, D, E, e K. Moun ak kochon bezwen yon ti kantite de chak vitamin eksepte kochon pa bezwen anpil vitamin C ak vitamin K. Si moun oswa kochon manke vitamin, yo ka kokobe, maldevlope, malrepwodui epi yo ka fè pitit avèk defòmasyon.




**NAR.1:** *Pa egzanp, si yon manman kochon manke vitamin A, ti kochon-li kapab fèt avèk je defòm e avèg, oswa san je oswa avèk je ki koule dlo. Epi nenpòt kochon ki manke vitamin A ka gen yon tèt panche. Moun ki manke vitamin A ka vin avèg tou. Se kochon ki manke vitamin A ki gen plis pwoblèm ak gal. Si yon kochon manke vitamin E, li ka pa mande parèy oswa li ka gen pye rèd oswa li ka malgrandi oswa li ka mouri sibatman. Menm jan-an tou, si yon kochon oubyen yon moun resevwa twòp vitamin, sa kapab vin yon pwazon pou yo. Nou ka jwenn vitamin nan nenpòt fwi, legim ou fèy vèt.*

**NAR.2:** *Nou espere sa va ide-nou pran desizyon bay kochon-nou-yo menm jan ak pwòp tèt pa-nou, tout kalite bagay pou manje pou nou pa janm manke, youn, oswa lòt nan gwoup nouriti-yo oswa lamanjay. Pou sa, bay anpil dlo pwòp e fre toutan, sèvi ak grenn, pay epi kann kòm enèji, pwa, plant ki gen gous epi fèy kòm pwoteyin, sab blan, zo, melas, tè, fè, ti sèl kòm mineral e tout fèy vèt-yo, fwi epi legim kòm vitamin.*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*







A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 16 FEVRIYE, 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: TETANOS - MALADI KI SANBLE EPI DIFERAN MALADI KI GEN MENM NON. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: Kisa tetanòs ye? Tatanòs se yon mikwòb (yon bakteri) ki viv nan tè-a, nan pou pou moun e nan pou pou bèt. Lè mikwòb sa-a antre nan yon blese, yon moun oubyen yon bèt, yo vin gen tetanòs. Yon blesi ki sal epi yon blesi ki fon gen plis risk paske mikwòb tetanòs viv byen nan yon kote ki pa gen lè ladan'l.

NAR.1: Blesi ki gen plis chans pou gen tetanòs se apre ou chatre yon bèt, si ou pa pran swen blesi-an, epi si ou blese nan yon klou oswa nan yon fèblan. Men, kisa ou ka wè, kisa ki ka fè-ou rekonèt tetanòs?

NAR.2: Kò bèt-la di e rès. Li pa ka deplase ni ouvri bouch-li pou manje ni bwè. Si bèt-la tande bri oswa si li wè limyè, sa ka



fè'l tranble. Gen lè nou ka jwenn yon blesi kote mikwòb-la te antre. Men, gen lè nou pa ka jwenn blesi-a menm, men bèt-la te blese oswa te pike kanmèm. Ki trètman nou ka fè pou tetanòs?

**NAR.1:** Si nou ka jwenn blesi-a, lave'l e louvri'l nèt pou lè kapab antre andedan blesi-an. Si ou ka jwenn dlo oksijene, koule dlo oksijene-an sou blesi-a pou ede lè antre andedan'l. Bay yon dòz penisilin pwokayin ki double, chak jou jouktan bèt-la geri. Penisilin pwokayin se yon antibyotik ki touye tout mikwòb (sa vle di bakteri) nèt alkole. Dòz nòmal-la se 1 cc pou chak 30 liv pwa bèt-la. Donk pou tetanòs, double dòz-la. Anpil fwa, menm ak trètman sa-a bèt-la mouri kanmèm. Men, si ou kòmanse trete'l bonè, gen yon ti chans ou ka sove'l. Si ou ka jwenn ANATOXIN TETANIK ki yon ANTITETANIK ki bon kont tetanòs - bay bèt-la yon gwo dòz. Si ou ka jwenn ANATOXIN TETANIK ki yon antitetanik ki bon kont tetanòs - bay bèt-la yon gwo dòz. Kijan nou ka anpeche tetanòs, Ramo?

**NAR.2:** Eseye evite bèt-la vin blese oubyen pike. Si w'ap chatre yon gwo bèt (yon chwal oswa yon koure) ba-li penisilin pwokayin pou pipiti pandan 3 jou. Dòz oswa fòs nòmal-lan: se 1 cc pou chak 30 liv pwa-li) w'ap bay piki sa-a 3 jou swivi apre ou te chatre'l. Si bèt-la te resevwa yon blesi ki fon epi l'ap rete nan yon zòn ki gen anpil ka tetanòs, bali penisilin chak jou pou pipiti pandan 3 jou swivi.

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1:** Nou pral fè yon ti pale sou maladi ki sanble. Gen de lè yon maladi ka sanble lòt malgre yo gen kòz diferan. Yo mande trètman ki diferan tou. Pa egzanp: piti piti yon jèn bèt vin sèk e vant-li vin anfle. Pwoblèm sa-a ka gen diferan kòz. Sa vle di, bèt-la ka:

**NAR.2:** Malnouri. Li ka pa manje ase manje oswa li ka gen pwoblèm ak



dan-li ki fè'l paka manje byen.

**NAR.1:** Bèt-la ka gen enfeksyon nan ren'l (sa vle di nan grenn vant-li) ren-yo se kote ki filtre pipi bèt-la.

**NAR.2:** Bèt-la ka gen pwoblèm ak fwa di-li. Fwa di-a kapab pa bon akòz mikwòb, parazit elatraye. Bèt-la ka gen yon kansè tou.

**NAR.1:** Trètman pou maladi sa-yo diferan. Donk, li trè zenpòtan pou nou konnen kijan pou distinge-yo. Gen anpil maladi youn sanble ak lòt. Men si ou mande mèt bèt-la bon kesyon epi ou fè yon bon egzamen plizyè fwa ou ka konnen egzakteman ki pwoblèm bèt-la genyen.

**NAR.1:** Ka gen maladi ki pa manifeste menm siy chak fwa. Ka gen konfizyon nan sa! Gen de lè, w'ap bezwen lèd nan men yon doktè veterinè oswa nan men yon moun ki gen plis eksperyans pase ou menm. Pafwa gen nesesite pou fè test nan yon laboratwa pou ka rive konnen ki pwoblèm bèt-la genyen.

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** Gen maladi ki gen menm siy. Se poutèt sa gen moun ki konn itilize menm non pou kèk maladi ki diferan. Pa egzanp: lafyèv. Men, lafyèv pa yon maladi. Lafyèv se yon siy plizyè diferan maladi. Lè mikwòb atake kò-a e kò-a ap goumen kont mikwòb sa-yo, nenpòt ki maladi li ye, tanperati andedan kò-a ka chofe e fè'l gen lafyèv.

**NAR.1:** Lè yon chwal ap bwate, gen de lè moun di ke chwal sa-a gen krab. Men chwal-la ka bwate akòz plizyè pwoblèm. Pa egzanp, chwal-la ka gen yon absès nan pla pye'l oswa li ka gen yon pòch san kaye nan pla pye'l oubyen fouchèt-li ka pouri elatriye.

**NAR.2:** Pou anpil maladi, remèd tradisyonèl (remèd peyi) mache byen. Men gen de lè, remèd modèn ka mache pi byen kont sèten maladi e ka menm sove bèt-ou-an. Pa egzanp: Lemoni ki yon enfeksyon nan poumon, pwoblèm vè epi enfeksyon nan matris. Pou tout maladi sa-yo, remèd modèn ka mache pi byen.



KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE







**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 17 FEVRIYE, 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou. Kisa diakout chaje pòte pou elvè-nou-yo jodi-a Ramo?**

**NAR.2: KIJAN POU NOU BAY KOCHON-NOU-YO MANJE - KIJAN POU'N KWAZE YON CHWAL - KIJAN POU CHWAZI YON CHWAL POU ACHTE - MALADI NOU RELE CHABON EPI KISA POU'N FE SI NOU GEN KEK PWOBLEM OSWA NOU TA RENMEN KEK FOMASYON BO LAKAY NOU.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1: Kijan nou ta dwe bay yon manman kochon ki nouris (k'ap bay lèt) manje? An jeneral, bay anpil dlo e eseye jwenn kalite manje ki gen anpil enèji pou bali pou manman kochon-an ka bay anpil lèt epi pou'l pa vin twò mèg. Men pousika enèji?**

**NAR.2: Enèji pou bay fòs - enèji pou bay lèt - enèji pou fè gra. Nou jwenn enèji nan mayi ak pay mayi - nan pitimi ak pay pitimi - nan ble oswa son de ble - nan grenn palmis, ji kann, siwo**



kann, melas, rapadou, patat, bannann, zaboka epi fwi-yo.

**NAR.1:** An jeneral, manje kochon an Ayiti manke kalsyòm. Yon bon sous kalsyòm se tif oswa lacho oswa sab blan. Manman kochon bezwen plis kalsyòm pou bay lèt. Alòs, bay manman kochon-an yon gwo kiyè lacho oswa tif nan manje'l, 2 fwa pa jou pandan l'ap bay lèt. Sa ka evite yon kriz kalsyòm lakay-li. Si'l gen kriz kalsyòm, janm deyè'l vin fèb oswa li paka leve menm. E ti kochon k'ap grandi, Ramo, kisa pou'n bayo manje?

**NAR.2:** Ti kochon tankou ti moun bezwen manje ki genyen anpil pwoteyin paske pwoteyin se manje ki bati kò-a, ki fè kò-a grandi. Paske si ti kochon oswa ti moun pa jwenn ase pwoteyin nan manje-yo, yo pap janm ka devlope byen. An jeneral manje ki gen pwoteyin se nenpòt vyann oswa lòt bagay ki sòti nan yon bèt tankou lèt, fwomaj, ze e san. Lòt manje ki gen pwoteyin se nenpòt pwa oswa nenpòt plant ki ka fè yon gous tankou pwa velvèt, doliv. Epi lòt fèy ki gen pwoteyin tankou bwa patat, fèy bwadòm. E pou tout lòt kochon-yo, Dan?

**NAR.1:** Bay tout kochon tout kalite manje chak jou. Pa janm konte sou yon sèl sous manje. Bay manje ki gen mineral (pou pwoteje kò-a, pou fè zo-yo devlope - pou kenbe zo-yo solid e pou bay lèt) epi bay manje ki gen vitamin ki pou pwoteje kò-a, pou fè kò-a mache byen. Nou ka jwenn mineral nan sab, tif, zo, nan son de ble, nan pay-yo. Nou ka jwenn vitamin nan tout kalite fèy, bwa patat, legim, fwi e dechè kizin. Rache manje-a byen anvan ou bay-li pou kochon pa gaspiye'l e pou yo ka manje'l pi byen.

**NAR.2:** Kèk ti rekòmandasyon:

- Kochon ki plenn e koure-yo bezwen rete an bon eta donk bayo tout kalite manje toutan. Pa kite-yo vin ni twò mèg, ni twò gra. Si yo vin twò mèg, bayo plis manje ki gen anpil enèji ladan'l tankou pay mayi oubyen siwo kann, fwi elatriye. Ei pa bliye bayo vèmifij (remèd pou touye vè) bayo vèmifij 2 a 4 fwa pa ane.



- Bay tout kochon e espesyalman manman nouris-yo anpil dlo pwòp e fre pou bwè toutan. Dlo kise lavi, dlo ki pou grandi, dlo ki pou repwodui, dlo ki pou bay lèt, dlo ki pou pwoteje kò-a.

#### KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

**NAR.1:** Kounye-a, nou pral fè yon ti pale sou kijan pou'n kwaze yon chwal.

Chwal kòmanse vle kwaze lè yo gen 12 a 15 mwa. Men, pa kwaze-yo jouktan yo gen omwen 3 zan pou yo ka fin byen devlope. Pi fò chwal gen chalè pandan Mas rive Aout. Chwal-yo gen chalè chak 21 jou. Ki siy chalè-yo, Ramo?

**NAR.2:** Yo aji dwòl e yo enterese nan poulè-an. Lè yo wè poulè-an, yo leve ke-yo, yo jete pipi e yo ekate janm dèyè-yo. E yon jiman ki pa an chalè?

**NAR.1:** Yon jiman ki pa an chalè pa enterese nan poulè-an e si poulè-an eseye vin twò pre'l jiman-an ap ba'l kout pye. Donk si jiman-an pa an chalè, pinga ou fose kwazman-an paske jiman-an ka blese poulè-an ak kout pye. Chwal rete an chalè pandan 3 rive 7 jou. Kwaze-yo chak jou pandan jiman-an an chalè. Li pi enpòtan pou kwaze jiman-an pandan denye jou chalè'l.

**NAR.2:** Kèk ti konsèy:

- Pa kwaze yon poulè plis ke 6 fwa pa semenn
- Pinga ou kwaze yon jiman ki sòti nan menm fanmi ak poulè-an, w'ap bese ras-la.
- Veye chwal-la byen 18 a 24 jou apre kwazman. Si li pa vin an chalè ankò pandan jou sa-yo, gen yon bon chans ke jiman-an plenn. Pou konnen byen si jiman-an an chalè, ou bezwen prezans poulè-an pou ka wè reaksyon'l. Konbyen tan chwal plenn?

**NAR.1:** Chwal plenn pandan plizonwen 340 jou. Kenbe jiman-an an bon eta pandan li plenn pou lè li fè pitit li ka akouche san pwoblèm epi li ka byen okipe pitit-li. Pa kite li vin ni twò mèt, ni twò gra. Sa sete sou kwazman chwal.



**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Kounye-a nou pral di-nou kijan pou'n chwazi yon chwal pou achte.*

- . Chwazi yon chwal ki gen bon pye e bon janm*
- . Chwazi yon chwal ki pa twò vye. Tyeke dan'l pou kontwole ki laj li genyen.*
- . Chwazi yon chwal ki gen yon bon do ki pa ni twò fèb ni twò plat. Pa achte yon chwal ki gen maldo. Ki lòt bagay, Dan?*

**NAR.1:** *Si ou vle yon chwal pou kwaze, pa achte yon chwal ki sòti nan menm fanmi ak lòt chwal pa-ou.*

*Chwazi yon chwal ki gen yon bon bouch ak bon dan po yo ka byen manje.*

*Chwazi yon chwal ki gen bon je ki byen kle*

*Chwazi yon chwal ki gen bon konpòtman e ki an bon eta*

*Pa achte chwal ki konn gen pwoblèm ak kolik.*

**NAR.2;** *Chwazi yon chwal ki pa gen pwoblèm pou respire. Pa achte yon chwal ki gen pwoblèm lagoum souvan.*

*Pa achte yon chwal ki gen okenn defòmasyon tankou èni, janm fèb ou kwochi, dan ki defòme oswa zago ki defòme.*

**NAR.1:** *Si w'ap chwazi yon poulen pou kwaze, chwazi youn ki laj e fò, ki gen bon janm e zago, ki gen bon dan, ki gen bon do e ki gen bon konpòtman. Chwazi yon poulen ki gen 2 gwo grenn menm gwosè.*

**NAR.2:** *Pa chwazi yon chwal ki gen okenn defòmasyon tankou èni, janm fèb, yon sèl grenn nan pòch grenn-nan e pa chwazi poulen ki gen dan makak ou dan jako.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1;** *Nou pral fè yon ti kòzman sou maladi nou rele chabon. Kisa ki kòz chabon. Chabon - yon maladi ki ka frape bèt e ki ka frape moun tou.*

**NAR.2:** *Se akòz yon mikwòb (yon bakteri) ki rele antraks. Maladi chabon ka frape nenpòt bèt ou moun, men nou wè chabon pi*





souvan nan bèf. Yon bagay ki trè zenpòtan pou nou konnen: si yon bèt ki gen chabon mouri, li kontamine tè kote li te dekonpoze-a. Mikwòb nou rele antraks-la ka kontamine tè-a pou omwens 15 zan. Eske gen de lòt maladi-a parèt pi souvan ke dòt?

**NAR.1:** *Wi Ramo. Apre lapli tonbe oswa apre yon sechrès, nou konn wè plis ka chabon. Men kèk bagay enpòtan pou nou konnen. Yon kabrit pa egzanp ki gen chabon pa ka bay lòt bèt maladi-a dirèkteman. Men kabrit jwenn maladi-a nan tè, nan manje oswa nan dlo ki kontamine ak mikwòb antraks-la. Lòt bagay sèke si nenpòt tik, mouch ou zegwi pike yon bèt ki te gen chabon e apre sa l'al pike yon lòt bèt, li posib pou bay lòt bèt-la chabon tou. Eske ou ka esplike elvè-nou-yo ki siy yon kabrit ki gen chabon genyen?*

**NAR.2:** *Lè yon kabrit gen chabon, li vin fèb, li gen fyèv wo epi li ka tranble. San ka sòti nan nen'l, nan bòbòt-li e nan dèyè'l. Li ka gen dyare ak san tou. Vant-li ka fè'l mal epi li ka anfle nenpòt kote sitou nan gòj-li. Si se yon manman kabrit, li ka avòte. Kabrit mouri vit avèk maladi sa-a. Gen de lòt ou pa wè siy menm eksepte lanmò. Men, si bèt-ou-an ta mouri sibatman, kisa ki ta fè-ou sispèk se maladi chabon ki tiye'l?*

**NAR.1:** *Apre bèt-la fin mouri: Kò'l pa vin rès apre yon jou kòm li ta dwe rive nòmalman. San bèt-la pa kaye epi li ka gen yon koulè nwa tankou goudwon. Larat-li pi gwo pase nòmal, li mou epi li chire oswa li kraze fasil. Gen san, sa vle di emoraji nan trip-yo, nan ren-yo ki vle di nan grenn vant-yo, gen san nan poumon-an, nan chè-a e nan nenpòt lòt kote andedan kò kabrit-la. Bagay sa-yo trè zenpòtan pou'n rekonèt, m'ap re pran pou nou: Apre bèt-la fin mouri:.....*

**NAR.2:** *Si ou sispèk yon bèt gen chabon ou bezwen trete'l touswit epi avèk yon gwo dòz penisilin pou eseye sove'l. dòz nòmal-la se 1 cc pou chak 30 liv pwa bèt-la donk w'ap bali 2 cc pou chak 30 liv pwa'l. Sa vle di si kabrit-la peze 100 liv w'ap bali 6 cc penisilin. Pa bliye pran anpil prekosyon ak antibyotik sila-a. Penisilin tankou tout lòt antibyotik-yo gen danje ladan-yo. Sèvi avèk-yo sèlman lè sa nesese.*



**NAR.1:** *Si ou gen lòt bèt pa janm sèvi ak menm sereng ou menm zegwi sou yo. Si ou fè sa, ou ka bay lòt bèt chabon tou. Sa se si bèt-ou-an gen tan trape chabon. Men ou ka anpeche bèt-ou-an trape chabon. Gen yon vaksen ou ka bay kabrit oswa bèf pou pwoteje-yo kont chabon. Vaksen-an dire 1 an nan kò kabrit-la. Alòs ou bezwen repete vaksen sa-a chak ane pou pwotej-yo. Epi si gen gwo risk chabon yon kote, ou gen pou vaksinen-yo ankò ak yon dezyèm dòz 1 mwa apre premye dòz-la. vaksen sila-a rele antraks. Men li gen risk avèk-li tou:*

**NAR.2:** *Pa egzanp, si yon kabrit gen tan trape chabon men li poko montre-ou okenn siy epi ou bali vaksen chabon-an, lè sa-a sa ka touye kabrit-la vit. Alòs si ou vle vaksinen kont chabon, chache konsèy e èd nan men yon ajan veterinè.*

**NAR.1:** *Kèk konsèy:*  
*Atansyon: si ou sispèk yon bèt te mouri akòz chabon, pa fann-li, pa vèse san'l pa touche vyann-li menm!! Pa manje vyann yon bèt ki te gen chabon paske menm si ou kwit vyann sa-a byen kwit, li toujou kapab ba-ou maladi chabon. Boule kadav-la nèt oswa antere'l fon. Sonje ke tè kote bèt-la te ye-a e nenpòt tè kote li te vese san ka toujou kontamine ak mikwòb chabon Antraks pou omwen 15 zan. Sa vle di tè sa-a modi oswa tè-a madichonnen. M'ap re pran pou nou: Si nou sispèk yon bèt te mouri akòz chabon.....*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Nou ta renmen envite elvè-nou-yo ekri nou si yo ta gen kèk kòzman yo ta renmen pataje ak elvè ki dan lòt zòn-yo. Nou ta renmen konnen kisa nou renmen ak pwogram 3 pawòl, kisa nou ta vle retire, ajoute epi si gen kèk bagay ki pa klè oubyen kèk kòzman nou ta renmen tande ankò. Pa ezite:*

**NAR.1:** *Ekri-nou nan Biwo IKA - Bwat Postal 2020 - Potoprens. Biwo IKA - Bwat Postal 2020 - Potoprens. N'ap re pran pou nou kòm chak Vandredi zòn epi non fòmàtè ki travay ak ekip ekstansyon IKA-yo. Nan Nò:*  
*Zòn Hinche: Joseph Omero*



*Pernal: Oliodov Denaud*  
*Desvarieux: Josaphat Jeanty*  
*Descloches: Jean-Ricot Paul*  
*Arcahaie: Gracius Claude*  
*St. Marc: Blaise Louissaint*  
*Moreau: Sarah Bernard*  
*Thomonde: Loidor Bellegarde*  
*Gros Morne: Innocent Merat*  
*Pignon: Gabeny Pierre*  
*La Gonave: Maurice Atis e Osmane Deralus*  
*Capotille: Claude Michel*  
*Ferrier: Emile Augustin*  
*Limonade: Samson Neree*  
*Trou du Nord: Pricilien Millien*  
*Quartier Morin: Dickens St. Hilaire*  
*Mont Organize: Jean Marcelus*  
*Jean Rabel: Sevigne Dyclos*  
*Passe Catabois: St. Julien Fertilien*  
*La Montagne: St. Paul Georgelas*  
*St. Louis du NOrd: Justin Moise*  
*Bombardopolis: Emmanuel Blaise*  
*St. Michel de l'Attallaye: Edmond Saintil*  
*e Cap: Arnold Lubin*  
*Pou zòn Sud-lan:*

*NAR.2: Cayes: Jean Francois Pierre*  
*Lazile: Saintales Desgranges*  
*Cayes: Fortune francois*  
*Les Zanglais: Mme Morena Mars*  
*Rendel: Mme Miguel Charlestin*  
*Damassin: Mme Carobert Pointdujour*  
*Chardonnières: Wicny Dimanche*  
*Coteaux: Mme Ocenio Joseph*  
*Tiburon: Gerturde Gatereau*  
*Port-Salut: Lucie Manuel*  
*La Vallee: Jean Jerome Dure*  
*Leogane: Gerald Joseph*  
*Petite Riviere de Nippes: Theodore Avenan*  
*Port-a-Piment: Mme Blaise Laine*  
*Petit-Goave: Serge Pluviose*



*Fonds des Blancs: Clervil Clavessaint*

*Cayes: Elie Octavius*

*Leogane-Darbonne: Frank Toussaint*

*Fort-Jacques: Faubert Toussaint*

*Chateaux (Arniquet): Romain Trezil*

*Vieux Bourg d'Aquin: Joseph Castor*

*Dame Marie: Genese Semervil*

*e Roseaux: Gilbert St. Juste*

**KONTTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**







**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 20 FEVRIYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: BON KONSEY POU FE ELVAJ POUL BYEN - KOUMAN POU BAY POUL-YO SWEN CHAK JOU EPI KEK FOMASYON KE NOU KA BENEFISYE SOU TEREN-AN. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Jodi-a n'ap bannou kèk konsèy nou bezwen pou trete poul-yo byen pandan 8 semenn y'ap pase nan fèm-nan. Anvan poul-yo rive nan fèm-nan, fòk poulaye-an netwaye korèk, fòk yo dezenfekte, fòk litye bèt-yo ak veso pou yo bwè dlo-yo chita nan plas-yo. Fòk nou pa bliye voye je sou tout meteryèl-yo pou wè si yo mache byen. 3 zè anvan zwezo yo rive, fòk kalòj-yo kòmanse chofe, sa depann ki kote. Lè fini, manje pral pare ap tann bèt-yo.**

**NAR.1: Kouman pou nou resevwa poul-yo? Kou poul-yo rive:**

- **Pran tanperati poulaye-a ak tèmomèt pou wè si chalè-a pa twòp, si li pa ase.**
- **Gade si tout ti poul nou resevwa-yo, se kantite sa-a ki make sou papyè yo voye-a**



- Mete tout enfòmasyon nan papye kouvèz-la voye pou sa
- Pa lage poul-yo nenpòt kijan: poul-yo fèt pou depoze dousman
- Apre, mete-yo nan poulaye-an

**NAR.2:** - **ATANSYON:** Pran anpil prekasyon pou, si gen ti poul mouri osinon sa ki domaje, pou dekouvri sa

- Bay ti poul-yo dlo 2 zè anvan ou bayo manje
- Mete poul-yo devan manje-a menm pou yo kapab aprann manje
- Limyè nan poulaye-a fèt pou kontwole tou menm jan ak chalè-a pou wè, si youn, tankou lòt korèk.

**NAR.1:** Depi jou poul-yo antre nan poulaye-an, men kisa ki pou fèt chak jou:

- Gade kilè chalè-a pi fò
- Kontwole si chalè-a bon pou laj ti poul-yo
- Netwaye veso bèt-yo bwè
- Chanje dlo-a (depi dlo sa-a merite chanje)
- Toujou siveye dlo-a byen pwòp
- Toujou siveye si manje-a bon kalite, si li byen prepare
- Toujou siveye si manje-a kont pou poul-yo (sa yo manje epi sa ki rete)
- Siveye kijan manje-a separe, si tout poul-yo jwenn
- Retire lityè ki mouye-a epi mete lityè sèk
- Pran nòt konbyen poul mouri chak jou
- Gade si sa nòmal, si pa gen twòp ki mouri (1 pou san premye semenn-nan) ki vle di si ou gen 100 poul ou pa fèt pou pèdi plis ke youn!
- Pran tout prekasyon, tout dispozisyon si twòp poul mouri!

**NAR.2:** Dezyèm ak twazyèm semenn-nan w'ap kontinye fè menm bagay-yo sèlman etan poul-yo ap grandi yo monte. Konsa tout aparèy pou bèt-yo manje fòk ou rose-yo tou.



*Nan katriyèm semenn-nan w'ap pran swen menm jan ak twazyèm-nan. Men gen yon dòz vaksen pou maladi NIOU KASEL (NEW CASTLE) ou pa dwe bliye bay.*

*NAR.1: Pran senkyèm semenn rive sou setyèm semenn...kontinye fè menm bagay-yo, sèlman rive sou setyèm semenn-nan bay manje san remèd ladan'l. Pou fè sa, fòk ou si ke w'ap touye poul-yo lè yo gen 7 semenn jou pou jou.*

*NAR.2: Denye semenn-nan se semenn yo pral touye poul-yo. Retire manje poul-yo 3 osinon senkè anvan ou touye-yo. Sa evite gaspiyaj manje epi li mete moun k'ap touye-yo-an pi alèz.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.1: Men sa yon moun pa dwe bliye ditou nan zafè elvaj poul:*

- *Anpeche moun ki sòti deyò, ki sòti nan lòt poulaye, rantre nan poulaye fèm-ou*
- *Mete yon gamèl yo rele prediliv devan pòt poulaye-a pou moun ki gen dwa rantre-yo toujou tranpe pye-yo nan yon dezenfektan chak lè yo vle rantre (sa se pou evite maladi)*
- *Byen lave - byen dezenfekte poulaye-yo anvan chak seri poul rive sou fèm-la.*
- *Kite 7 rive 14 jou pase lè poulaye-a netwaye anvan yo mete lòt seri poul ladan'l.*

*NAR.2: Pandan 6 premye semenn ke poul-yo la: toujou vizite-yo souvan pou wè si yo manje e si yo bwè byen.*

- *Chache gade si yo pa gen okenn siy maladi, si yo byen alèz, si y'ap kole youn ak lòt, sa vle di yo frèt osinon lè-a twò fò pou yo.*
- *Si yo fè bèkatè, sa vle di chalè-a dekonpoze-yo*
- *Retire tout bèt mouri, tout poul malad nan poulaye-a pou brile-yo touswit osinon antere-yo byen fon nan tè-a.*

*NAR.1: - Toujou pran abitid chanje dlo poul-yo souvan, asire bèt-yo rive san pwoblèm kote pou yo bwè-li-a. Toujou asire-yo bon limyè, bon manje.*

- *Lave aparèy kote yo bwè-an chak jou, dezenfekte-yo*
- *Gade si lityè-a toujou byen sèk. Si li yon ti jan mouye,*



*si li te frèt, retire'l touswit pou mete yon lòt.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Sonje sa-a souple:*

- *Si ou jwenn mayi osinon pitimi-a bon mache ou kapab fè manje pou poul-ou tou. Ou kapab achte konsantre, e ou va fè melanj-la dapre sa yo di-ou sou sache-a.*

**NAR.1:** - *Pa di se poul: ou mèt bali manje nenpòt jan. Se yon kapital poul-la ye si ou pran swen'l byen. Men kèk konsèy lè ou va bay poul-yo manje:*

- *Pran sak manje-a, mete'l nan poulaye-a*
- *Pran yon pèl manje, mete yon pèl manje nan chak manjwa pou yo plen-yo detyè*
- *2 fwa pa jou, ale gade si manjwa-yo gen manje*

**NAR.2:** - *Sitou pou pondèz-yo, pran abitud: mete manje-a 2 fwa pa jou menm lè-a*

- *Si manje-a pa fre, pa bay poul-yo-li. Depi li rans, l'ap fè-yo malad*
- *Gade ke manjwa-yo toujou pwòp*
- *Mete-yo menm wotè ak do poul-yo*
- *Pou poul pou vyann, apremidi, anvan ou touye-yo pa bayo manje pou evite gaspiyaj*
- *Make konbyen manje yo manje chak jou.*

*E sou zafè dlo-a, Dan?*

**NAR.1:** *Trè zenpòtan, Mano. Si ou wè se yon dlo ke ou pa kapab bwè, konnen ke li pa bon pou poul-la bwè tou. Yon poul fèt pou gen bon dlo pou li bwè.*

- *100 poul fèt pou yo gen yon abrevwa (yon kote pou bwè dlo) Pa janm plen abrevwa-a rabouch. Toujou mete dlo-a yon tyè abrewa-a pou dlo-a pa koule nan poulaye-a, mouye lityè elatriye. Kijan dlo fèt poul-ye Mano?*

**NAR.2:** *Dlo-a fèt pou'l:*

- *Ni cho, ni frèt. si se pa sa, manje-a p'ap byen dijere sètadi, poul-yo p'ap ka dijere manje-a korèkteman*
- *Fòk dlo-a san zodè: san sa ti poul-yo p'ap vle bwè kont-yo*






- E fòk dlo-a fre: sètadi, fòk li fèk sòti nan tiyo, osinon fèk tire.

**NAR.1:** *IIKA ap òganize nan Grandans yon fòmasyon sou gadinaj ak sante bèf 22 rive 25 Fevriye. 25 elvè Grandans ap patisipe nan fòmasyon sa-a.*

**NAR.2:** *Pou moun Plenn di Kildesak - Kwadebouke: CEEH ak World Concern ap òganize fòmasyon kochon 21 rive 24 Fevriye. Pou piplis enfòmasyon rele World concern nan 7-7342 World Concern nan 7-7342 ou CEEH nan 2-5351 e rezeve plas-ou*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*





A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MADI 21 FEVRIYE 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: KI SIY KABRIT MONTRE-NOU LE YO MALAD - KISA POU FE LE OU SISPEK KABRIT-OU MALAD EPI DIFERAN BAGAY KI KA ATAKE KABRIT. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IKA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: Ki diferan siy maladi ou remake lè yon kabrit malad?  
Yon kabrit ki malad kapab pa vle bwè ou manje byen. Yon kabrit ki malad kapab gen yon gwo tèt. Li kapab gen dyare. Kabrit-la kapab gen anemi. Tyeke popyè-a. Si li wòz, kabrit-la pa gen anemi. Si li blan, kabrit-la gen anemi. Ki lòt bagay?

NAR.1: Si yon kabrit malad li ka gen lafyèv. Yon tanperati pi wo pase 105 farenit oubyen 40 e demi santigrad. Paske gen 2 kalite tèmomèt. Tèmomèt an farenit e tèmomèt an santigrad. Ou ka wè kabrit-la ap bwate oswa li ka gen siy doulè. Pa egzanp, li deplase dousman oubyen li kanpe sou jenou'l paske pye-li-yo fè'l mal oubyen li frape vant-li avèk pye dèyè'l-yo e li kanpe avèk do'l wo paske vant-li fè'l mal.



**NAR.2:** *Yon lòt bagay ki ka di-ou kabrit-la malad se si l'ap respire vit oubyen avèk difikilte. Oswa si'l deplase dousman e li pa rete nan gwoup-la ak lòt kabrit-yo. Epi li repoze anpil,. Li ka gen anpil gaz nan vant-li tou oswa li ka avèg oubyen li aji dwòl. Li ka gen pij ki sòti nan bòbòt-li oswa li ka gen pwal lèd e sèk. Menm jan-an tou li ka anfle nenpòt kote nan kò'l oswa li ka gen tach nan bouch li oswa nan mamèl-li. Sa se diferan siy ki ka di-ou kabrit malad.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1:** *Men kisa pou'n fè lè nou sispèk yon kabrit malad:*

- *Mande mèt kabrit-la tout istwa sou kabrit-la e sou tout siy kabrit-la genyen.*
- *Eseye konprann ki kalite swen kabrit-la ap resevwa. Eske li resevwa dlo chak jou? Ki kalite manje l'ap manje?*
- *Mande si gen lòt kabrit ki malad nan menm lakou-a ou nan menm zòn-nan. Si lòt kabrit gen menm siy, sa ka yon maladi kontajyèz - sa vle di yon kabrit ka bay yon lòt maladi-a. Si maladi-a ap atake anpil kabrit nan zòn-lan, chache yon ajan veterinè e di'l sa.*

**NAR.2:** *Fè yon bon egzamen sou kabrit-la. Obsève nan ki eta li ye. Tyeke tanperati'l. Tyeke manmèl-li, bòbòt-li, lonbrit-li, poli - toupatou nan kòl. Tyeke pou pou'l tou. Gade kijan l'ap mache, si l'ap bwate oswa si li fèb, gade kijan l'ap aji.*

**NAR.1:** *Aprè ou fin fè egzamen-an sou kabrit-la, gen yon bon chans ou ka jwenn ki kote epi ki kalite pwoblèm ki genyen nan kò kabrit-la. Aprè ou jwenn ki kote pwoblèm-nan ye, epi kisa li ye, ou ka deside kisa pou fè pou korije pwoblèm sa-a. Lè ou fin korije pwoblèm sa-a, bay moun k'ap okipe kabrit-la konsèy*



*kijan pou li anpeche pwoblèm sa-a repete.*

**NAR.2:** *Li pi bon pou-ou si ou anpeche maladi antre tan pou eseye geri'l paske chak fwa ou bezwen trete yon pwoblèm, se plis depans, se plis travay e yon kabrit ki malad se bak l'ap fè. Sa vle di, chak fwa ou trete yon maladi, menm si maladi-a geri, mèt kabrit-la ap toujou fè defisi. Sonje: Evite miyò pase mande padon!*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1:** *Kounye-a nou pral fè yon ti pale sou diferan bagay ki ka atake kabrit. Kabrit ka malad si mikwòb oswa parazit atake'l. Mikwòb-yo gen 3 diferan kategori: viris se yon mikwòb li ye, bakteri se yon mikwòb li ye, chanpiyon se yon mikwòb li ye tou. M'ap di-nou kèk maladi ke viris ka bay kabrit: Se yon viris ki bay raj, se yon viris ki bay dyare (rota) e se yon viris ki bay fyèv aftèz, se yon viris ki bay egzema kontajyèz e bakteri-yo, Mano, eske ou ka di-nou kèk maladi bakteri bay kabrit?*

**NAR.2:** *Men wi Dan. Bakteri la kòz dyare (ikoli, bakteri la kòz absès, se bakteri ki bay tetanòs, se bakteri ki bay chabon, se bakteri ki bay enfeksyon nan manmèl nou rele mamit epitou se bakteri ki bay enfeksyon nan matris nou rele metrit. E chanpiyon-yo Dan?*

**NAR.1:** *Chanpiyon-yo se mikwòb yo ye tou. Yon egzantp yon maladi chanpiyon ka bay kabrit se pyas nou rele lateng - chanpiyon bay pyas nou rele lateng. Kounye-a nou pral esplike ki kalite maladi parazit ka bay:*

**NAR.2:** *Premyèman gen 2 kalite parazit. Parazit ekstèn (sou po) e parazit entèn (andedan po-a). Se parazit ekstèn ki bay pou, se parazit sou po ki bay tik, se parazit ekstèn ki bay gal e se parazit ekstèn tou ki bay vè mouch. Pale-nou de parazit entèn-yo Dan, parazit andedan po-a?*

**NAR.1:** *Parazit entèn-yo ka bay vè nan trip, koksidyòz, vè nan poumon, vè nan fwa di. Pa bliye, antibyotik tankou penisilin,*





tetrasiklin (LA200), touye bakteri sèlman. Ki vle di, si kabrit-la gen yon maladi ke viris, oswa chapiyon oswa parazit bay, antibyotik tankou penisilin, tetrasiklin (LA200) pa ka touye bagay sa-yo - yo touye sèlman bakteri.

**NAR.2:** N'ap fè yon ti revizyon pou nou. Gen 2 bagay ki ka atake yon kabrit e fè'l malad: se mikwòb ak parazit.

Mikwòb divize an 3 gwoup: viris, bakteri e chanpiyon. Viris bay raj, dyare (rota), fyèv aftèz ak egzema kontajyèz.

Bakteri bay dyare (ikoli), absès, tetanòs, chabon, enfeksyon nan manmèl nou rele mamit ak enfeksyon nan matris nou rele metrit. Chanpiyon bay pyas nou rele lateng.

**NAR.1:** Parazit ekstèn-yo (sou po-a) bay pou, tik, gal ak vè mouch.

Parazit entèn-yo (andedan po-a) bay vè nan trip, vè nan poumon, vè nan fwa di e parazit nan san.

Nou espere ke nou fè yon ti eklèsisman sou diferan kòz maladi. Jodi-a nou pale de kabrit men vrèman nou ta ka pale de kochon, de bèf de nou menm kreyen vivan tou paske se mikwòb ak parazit ki ka fè'n malad tou. Maladi-yo gen dwa diferan men se viris, bakteri, chanpiyon (3 kategori mikwòb sa-yo) ki ka kòz maladi. Epi parazit ekstèn (sou po-a) ak parazit entèn (andedan po-a) ki ka kòz maladi. Si nou ta bezwen kèk ti eklèsisman, pa ezite ekri-nou nan IIKA - bwat postal 2020 Potoprens - IIKA - bwat postal 2020 Potoprens.

**KONTWOL:** FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 22 FEVRIYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pwòl pòte pou nou: AVANTAJ AK DEZAVANTAJ FE ELVAJ KABRIT NAN PAK - KIJAN POU'N RETIRE KON KABRIT-YO - AVANTAJ AK DEZAVANTAJ POU MARE KABRIT AK KOD - KEK TI KONSEY LE OU TOUYE KABRIT POU VYANN - Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Lè ou fè elvaj kabrit nan pak: ou ka kontwole kwazman-yo pou fè pi bon pitit. Ou ka veye-yo pi byen. Li pi difisil lè ou fè elvaj kabrit nan yon pak pou chyen manje-yo oswa pou yo volè-yo si ou mete pak-la tou pre kay-ou. Li pi fasil pou bay-yo dlo pwòp e fre pou yo devlope pi byen e pou manman kabrit-la ka bay plis lèt. Li pi fasil pou pòte manje pou yo lè yo tout yon sèl kote. Men, eske gen dezavantaj elve kabrit nan pak, Dan?**

**NAR.1: Ou bezwen gen yon sous manje pou yo, sa vle di fèy, foraj oswa fwen. Kabrit-yo se prizonye yo ye. Sa vle di, yo depann nèt sou mèt-la pou pòte manje pou yo e bayo dlo. Ou bezwen retire**



*kòn-yo pou kabrit-yo pa bat youn ak lòt. Kabrit-yo ap gen plis pwoblèm ak vè paske pou pou nan pak-la kòmanse monte. Epi se pou pou ki gen ze vè ladan'l. Si mèt-la neglije bay kabrit-yo vèmifij (remèd pou touye vè) vèmifij, y'ap mouri akòz vè. Ki lòt dezavantaj, Mano?*

*NAR.2: Mikwòb nan pak-la monte. Donk li pi bon pou ou retire manman kabrit-yo lè yo prèt pou metba pou yo fè pitit deyò pak-la nan yon kote ki pwòp. Konsa ti kabrit yo pa jwenn mikwòb lè yo fèk fèt. Li koute plis kòb pou bati yon pak pase achte yon kòd. Epi, w'ap bezwen repare pak-la tanzantan tou.*

*NAR.1: Lè nou fè elvaj kabrit nan pak, nou pa ka bliye bayo vèmifij. Vèmifij - remèd touye vè. Sonje ke pwoblèm vè vin pi rèd lè nou fè elvaj kabrit nan pak. Si nou vle gade kabrit nan pak, nou bezwen plante zèb ak pyebwa anvan nou kòmanse. Se yon fason pou nou ka jwenn manje pou bayo. Li pi bon si nou mete zèb e fèy nan yon manjwa ou byen si nou mare'l anlè paske konsa kabrit gen manje ki byen pwòp e ki pa kontamine avèk vè. Epi konsa tou yo gaspiye mwens manje. Sonje lè nou fè elvaj kabrit nan pak, kabrit-yo se prizonye yo ye. Sa vle di yo depann nèt de mèt-yo. Se mèt-yo ki bezwen pòte dlo e manje pou yo. Yon lòt bagay: Lè n'ap fè kloti pou pak kabrit-la, sèvi ak pyebwa vivan pou poto-yo. Sèvi swa ak kandelam, swa ak pit swa ak pengwen oubyen ak bayonèt. Mete yon kwòk nan kou kabrit-la si li konn chape souvan.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Lè nou fè elvaj kabrit nan pak, nou ta dwe retire kòn-yo. Nou fè sa pou yon kabrit pa bat lòt lè yo rete ansanm nan yon pak. Yon lòt avantaj pou retire kòn kabrit-yo se pou yo pa blese ti moun. Yon dezavantaj sèke san kòn, kabrit pa gen defans kont chyen. Nou te esplike-nou kijan pou retire kòn-yo nan yon lòt*



*emisyon. Jodi-a n'ap rebran kòzman sa-a pou nou.*

*NAR.1: Chofe yon mòso tiyo byen cho nan dife. Apre tiyo-a byen cho, pase'l nan kòn-yo pou boule sou kote-yo. Konte dousman. Kòmanse 1, 2, 3, rete lè ou rive sou 15. Apre sa, retire tiyo-a. Yon moun bezwen kenbe kabrit-la anplas ak fòs pandan w'ap fè travay sa-a paske sa fè kabrit-la mal. Si ou boule byen, w'ap wè yon mak byen boule sou kote kòn-yo.*

*NAR.2: ATANSYON: si ou boule twòp, ou ka boule sevo kabrit-la. Li pi bon pou retire kòn kabrit avan yo gen 2 mwa pou evite anpil traka. Sa vle di li pi difisil lontan pou retire kòn yon gwo kabrit.*

#### *KONTWOL: MIZIK APROPRIYE*

*NAR.1: Kounye-a nou pral fè yon ti pale sou avantaj pou mare kabrit ak kòd. Yon kòd pa koute anpil kòb - sa se yon gwo avantaj. Ou pa bezwen pòte manje pou kabrit-yo paske ou kapab mare-yo yon kote ki gen manje. Gen mwens pwoblèm ak vè e mikwòb si ou chanje kabrit-la jouk souvan. Yon lòt bagay sèke, ou pa bezwen retire kòn-yo. Li pi bon pou kite kabrit-yo ak kòn pou pwoteksyon kont chyen. E ki dezavantaj pou mare kabrit ak kòd, Mano?*

*NAR.2: Lè ou mare kabrit ak kòd, nenpòt bouk ka vin kwaze ak kabrit-ou san ou pa konnen. Alòs li enposib pou amelyore kabrit-yo si nenpòt bouk ap kwaze avè yo. Kabrit-la ka toufe oswa vin mare nan kòd-la. Li ka mouri oswa li ka pèdi yon janm. Li pi difisil pou bay kabrit-la dlo. Si ou gen anpil kabrit, li ka pran anpil tan pou mare chak yon kote. Epi, li pi difisil pou veye-yo.*

*NAR.1: Pa kite bèt paw lage! Si ou kite kabrit-yo lage, yo ka antre nan jaden yon vwazen oswa machin ka frape yo. Epitou, si ou kite kabrit lage, ou kraze pwojè rebwazman-an. Si ou kraze pwojè sa-a ou kraze peyi-ou, ou kraze fanmi-ou donk ou kraze pwòp tèt paw. Kenbe kabrit oswa nenpòt ki lòt bèt ke ou genyen byen mare oswa kenbe-yo andedan yon pak solid.*





**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Kèk ti konsèy lè ou touye kabrit pou manje:*

*Frape tèt kabrit-la nan mitan je'l pou li pèdi konesans touswit pou li pa soufri lè ou koupe goj-li. Apre sa, koupe goj-li pou san-an kapab byen koule. Kwoke kabrit-la tèt anba pou san-an kapab sòti nèt. Si ou pa retire san-an touswit apre ou touye kabrit-la, vyann-nan gate pi vit.*

**NAR.1:** *Pa janm tiye kabrit oswa nenpòt ki lòt bèt anba solèy cho. Lè ou fin kite san-an byen koule, pa koupe vyann-nan atè. Mikwòb ap gate vyann-nan pi vit. Pran yon mòso tòl, lave'l byen lave - gen moun ki mete fèy bannann sou kèk gwo wòch (ou ka Fè sa tou si ou pa gen yon gwo mòso tòl). Pa kite san-an koule atè. Toujou gen yon veso, yon gamèl pwòp pou pran san-an. Tout ti konsèy sa-yo se pou nou ka evite vyann-nou-an gate vit epitou pou evite maladi. Li toujou miyò pou nou pran tout prekosyon pou'n evite pwoblèm paske evite toujou miyò pase mande padon.*

**KONTWOI: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**TAN:** 6:3932 (san entwodiksyon, mizik, ak fen pwogram e mizik pre-grave)



A: *PWOGRAM RADYO EKSTANSYON*

DE: *Danièle Mangonès-Dejan  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon*

POU: *PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 23 FEVRIYE 1989*

KONTWOL: *ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*

NAR.1: *Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: PWOBLEM EROZYON - KISA KI LAKOZ EROZYON - PWAZON POU TOUYE EROZYON. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IKA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avòk-nou.*

KONTWOL: *MIZIK APROPRIYE*

NAR.2: *KISA SA YE EROZYON? Ebyen, erozyon se lavalas ki brote tè-nou-yo jete nan ravin. Ravin-yo menm pòte yo nan larivyè. Epi larivyè jete-yo nan lanmè. Men, kisa ki fè lavalas, Dan?*

NAR.1: *Se dlo lapli ki fè lavalas, Ramo. Lavalas se pi gwo lenmi, pi gwo asasen kretyen vivan genyen. Lè li bwote tè rapò-nou-yo, se pwòp lavi-nou li pòte ale, paske lavi-nou se nan tè-an li ye.*

NAR.2: *Epitou, lè nou pèdi tè-nou-yo, nou pèdi lavi. Depi nou wè, dlo sal ap pase yon kote se ak kòd trip pitit-nou l'ap pase. Se peyi-a menm l'ap detwi. Lè nou wè dlo sal ap pase, dlo ta dwe kouri nan je'n. Lè lapli tonbe, se anlè tè-a li tonbe. Sonje nan emisyon ki te pase deja nou te pale-nou de tè rapò-a*



*(se kouch tè anlè ki bon-an kote plant-yo jwenn tou sa yo bezwen pou yo devlope).*

**NAR.1:** *Depi yon tè fè yon ti panche, lè lapli tonbe, li kòche tè-a, li pòte tè ale anba lanmè. Sa se yon pwoblèm ki grav anpil pou nou paske twaka peyi nou-an se tè mòn, se tè pandye. Peyi-nou-an panche anro lanmè. Konsa, konsa tout bon tè rapò nou-yo ap fin ale. Se zo wòch k'ap rete.*

**NAR.2:** *Sèke nou pa ka fè manje pouse sou wòch. E depi nou pa jwenn manje, nou tout ap mouri e Ayiti ap fouti*

**KONTWOL:** **MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Demon sa-a kisa ki lakòz-li? Kisa ki lakòz erozyon, Dan?*

**NAR.1:** *Premye kòz-la se nou menm kretyen vivan. Si nou pa ta travay tè-yo, si nou pa ta janm koupe pyebwa-yo, si nou pa ta janm brile tè yo, sèkle zèb-yo, pa ta janm gen erozyon. Konsa nou se lenmi tè-an, menm jan nou se lenmi pwòp tè-nou.*

**NAR.2:** *Yon tè te mèt kouvri ak zèb, depi moun kòmanse fè rout ladan'l, yo tiye zèb-yo anba pye-yo. Depi zèb-yo mouri, dlo kòmanse kouri ladan'l. Apre kèk ane, ti rout sa-a tounen ravin. Nou kite'l pou'n al fè yon lòt rout akote. Ki lòt bagay ki kòz erozyon?*

**NAR.1:** *Dlo se yon bagay ki endispansab pou lavi, kit se pou moun, kit se pou bèt, kit se pou plant. San dlo lavi pata posib. Menm jan dlo fè byen, se konsa li konn fè mal tou. Lè lapli tonbe, li tonbe ak fòs. Si pa gen anyen pou kraze fòs-li, li kòche tè-a, li brote'l ale. Dlo se machin ki sèvi pou pòte tè-a anba lanmè.*

**NAR.2:** *Dlo lapli byen pwòp, en, lè nou wè'l ap pase tou sal, se krèm*



tè-a li pòte. Fòk nou donte dlo-a. Fòk nou anpeche'l kouri, pou'l antre nan tè-a pito - pou plant-yo jwenn, pou li nourri sous-nou-yo tou. Lè dlo-a antre nan tè-a, rivyè-yo pa fouti fè gwo desann.

NAR.1: Lòt bagay ki lakòz erozyon se solèy ki chofe tè-a lè li jwenn-li toutouni epi li fè tè-a tounen pousyè. Denye bagay-lan se van. Apre solèy frape yon tè fè'l tounen pousyè, van pase, li brote tè-a lòt kote. Pafwa n'ap mache, yon van bare'n pousyè bare je'n, e ben se yon kalite lavalas ki pran anpil tè tou. Yo rele sa lavalas eyolyèn. Men ak tout bagay sa-yo kisa nou ka fè pou rete erozyon?

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: Nou ka fè baryè pay ou ranp, nou ka fè mi sèk, nou ka fè kanal kontou. Jodi-a n'ap di-nou kèk avantaj bagay sa-yo kòm pwazon pou touye erozyon. Yon lèt emisyon - Lendi k'ap vini-an n'ap ba-nou piplis detay kijan pou'n fè bagay sa-yo.

NAR.1: Baryè pay ou ranp gen 3 gwo avantaj - Li anpeche dlo-an pran tè-a, li fè dlo-an antre nan tè-an e li bay tè-an fimye. Atansyon: toujou kòmanse fè ranp-yo nan tèt jaden-an paske si nou kòmanse anba epi nou pa rive anwo, dlo pral brote tout tè anwo-yo desann nan ranp-yo. Lè sa-a, si dlo-a gen anpil fòs, li riske pran ranp-yo ak tout kilti nou te fè-an. Se depi anwo pou'n koupe fòs dlo-a. E mi sèk-lan Ramo?

NAR.2: Mi sèk-la filtre dlo-a atravè wòch-yo, li kase fòs dlo-a, epi mi sèk-lan pèmèt yon bon kouch tè arab vin fòme kote nou k'ab fè kann, bannann elatriye.

NAR.1: Kounye-an nou rive nan kanal kontou-an. Li menm li gen yon avantaj lèt teknik-yo pa genyen, li kenbe tout dlo-a. Li pa kite menm yon gout dlo kite jaden-an. Lè yon lapli tonbe, tout dlo-a chita ap dodinen nan kanal-la. Li pèmèt dlo rantre nan tè-a piti piti epi li gaye anbe tè ki anba kanal-la. Si nou plante zèb tankou zèb elefan bò kanal-la, nou kab koupe zèb-yo pou bay bèt-nou-yo manje ki mare lòt kote. Kanal kontou se bèl bagay ki ka konsève tè ak dlo. Nou envite tout





*moun mete tèt ansanm pou sispann pou toujou erozyon nan peyi-nou-an.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 24 FEVRIYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a e pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IKA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou. Kisa diakout chaje pòte pou elvè-nou-yo jodi-a Ramo?**

**NAR.2: KIJAN POU'N EVITE ANPIL MALADI - PWOPTÉ NAN MANJE - PWOPTÉ NAN BWESON - KIJAN POU'N PWOTEJE PITIT-NOU-YO - PWOPTÉ PIBLIK (SANITASYON) EPI AN-NOU PLANTE PWA.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1: Evite miyò pase mande padon. Si nou pran plis prekosyon pou'n manje byen, pou'n pran swen tèt nou korèk. Pran swen kay-nou. Kenbe kanton-nou-yo pwòp epi vaksinen timoun-nou-yo, nou ka evite twaka maladi anvan yo rantre sou nou.**

**NAR.2: Pwòpte se yon bagay ki trè zenpètan nan prevansyon anpil enfeksyon tankou enfeksyon sou po, nan entestin, nan je, nan poumoun, nan tout kò-nou. Pwòpte pèsònèl nou rele sa ijyèn. Pwòpte piblik nou rele sa sanitasyon. Tou le 2 bagay sa-yo trè zenpètan**



*NAR.1: Anpil enfeksyon nan entestin ka pase de yon moun a yon lòt akòz move ijyèn ak move sanitasyon. Yon moun ka trape mikwòb oswa parazit (vè oswa ze vè-yo) nan pou pou moun ki kontamine ak bagay sa-yo. Kijan ou ka trape bagay sa-yo Ramo?*

*NAR.2: Pa egzanp, yon moun ki gen vè pou pou atè. Yon lòt moun trape vè paske moun sa-a pa't lave men'l apre'l te fin watè. Oswa, li te bay lòt moun sa-a lanmen epi moun sa-a te mete men'l nan bouch-li. Oswa moun sa-a ki pate lave men'l al fè manje ak zong-li tou sal, epi li kontamine manje-an. Men kèk lòt maladi nou ka trape konsa:*

*NAR.1: Nou ka trape vè nan entestin - dyare ki koze pa amib ou dyare ki koze pa bakteri - epatit - fyèv tifoyid - kolera. Ou ka trape maladi tankou polyo dèfwà konsa tou. Kijan maladi sa-yo pase de yon moun a yon lòt?*

*NAR.2: Pa egzanp, yon ti moun gen vè epi li bliye lave men'l apre li pou pou. L'al ofri yon ti zanmi'l yon mòso pen. Dwèt-li toujou sal ak pwòp pou pou'l ki gen santèn ze vè ke li pa ka menm wè. Ze sa-yo ret kole sou pen-an. Lè zanmi'l-nan manje mòso pen sa-a, li vale ze vè sa-yo tou. Apre yon ti tan ti zanmi sa-a pral gen vè tou. Kisa ou kwè manman ti moun sa-a kwè?*

*NAR.1: Manman ti zanmi-a ka kwè pitit-li te manje twòp bagay ak sik. Men, se pa vre, se pa sa. Se paske pitit-li-an te manje yon mòso pen ak kras pou pou kontamine ak vè san'l pa't konn sa.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Men yon gid pou toujou gen pwòpte pèsònèl - yon bon ijyèn: toujou lave men-ou ak savon lè ou leve le maten. Lave men-ou*



*ak dlo epi savon apre ou pou pou e toujou anvan ou manje.*

*NAR.1: Benyen souvan. Chak jou lè'l fè cho. Benyen apre ou fin fè yon travay di oswa apre ou te fin sye. Lè ou benyen souvan li ede-ou evite enfeksyon sou po, li ede-ou evite gen kap, bouton, lagratèl e li ede-ou tou evite gen iritasyon sou po. Moun ki malad e menm ti bebe ki malad ta dwe benyen chak jou. Ki lòt ti konsèy Ramo*

*NAR.2: Kote ki genyen anpil vè, pa mache pye a tè. Pa kite ti moun mache pye a tè paske vè sa-yo ka rantre anba plant pye-yo. Chak jou bwose dan-ou epitou bwose-yo apre ou manje kèk bagay sikre. Si ou pa gen pat dantifris, frote dan-ou ak sèl fen oubyen ak yon ti bikabonat.*

*NAR.1: Pa kite chyen leche ti moun-ou-yo oswa monte sou kabann andedan kay-lan. Chyen tou ka bay maladi. Si yon bèt oswa yon ti moun pou pou bò lakay-la netwaye sa touswit. Aprann ti moun-yo itilize latrin epi fè bèt-yo abitye ale lwen kay-la. Mete dra ak kouvèti nan solèy souvan. Si ou jwenn kèk tik sou kabann, bouyi dra-yo ak kouvèti-yo menm jou-an.*

*NAR.2: Pa kite chyen rantre nan kay. Yo pòte tik ak yo. Pa krache atè. Krache-ou ka transmèt maladi. Lè ou touse, oswa ou estenye, mete men-ou devan bouch-ou oswa mete yon mouchwa pou kouvri bouch-ou. Bale kay-ou souvan. Lave atè-an, mi-yo, anba mèb-yo, kote anpil ti bèt, krab elatriye ka kache.*

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.1: Kounye-a nou pral fè yon ti pale sou pwòpte nan manje ak pwòpte nan bweson. Pi bon bagay pou tout moun ta fè si yo pa jwenn yon bon sous dlo pou bwè bò lakay-yo, se bouyi dlo sa-a anvan nou bwè'l. Sitou pou ti moun piti. Lè gen anpil ka dyare oubyen tifoyid oswa epatit, dlo ki sòti nan rivyè, ki parèt pwòp, ka transmèt maladi sa-yo kanmèm.*

*NAR.2: Pa kite mouch oswa ravèt sikile nan mahje-ou. Bèt sa-yo pòte anpil maladi. Pa kite kras manje oswa asyèt o ganmèl sal dòmi; sa atire mouch e kreye mikwòb ki ka fè'n malad. Pwoteje*





*manje-ou, kouvri'l oswa mete'l nan yon bwat oubyen nan yon gadmanje.*

*NAR.1: Anvan ou manje yon fwi ki te tonbe atè, lave'l byen lave. Pa kite ti moun ranmase manje ki tonbe atè. Lave'l anvan ou bayo'l. Manje sèlman vyann ki byen kwit sitou vyann kochon. Pa janm manje vyann kochon demi kwit li pòte anpil maladi ki gwo danje pou nou.*

*NAR.2: Pa manje manje ki la lontan, ki pa gen bon odè. Li ka vin yon pwazon pou-ou. Si se yon manje ki nan bwat epi ou wè bwat-la gonfle, defòmen, pa manje sa'k nan bwat sa-a. Fè atansyon sitou ak pwazon ki nan bwat.*

*NAR.1: Moun ki gen tibèkilòz, grip viris oswa lòt maladi enfektyèz te dwe manje poukont-yo. Asyèt moun sa-a, fouchèt, kiyè'l te dwe bouyi anvan lòt moun sèvi avèk-yo.*

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Kijan pou'n pwoteje pitit-nou-yo?*

*NAR.1: Si yon ti moun malad, pa kite'l dòmi ak lòt ti moun ki anfòm - fè ti moun sa-a dòmi poukont-li. Ti moun ki gran, ki gen gratèl, laroujòl, grip, ta dwe dòmi nan yon lòt pyès, si posib. Pa kite-yo pre ti moun piti. Pa kite-yo sitou bò kote ti bebe.*

*NAR.2: Pwoteje ti moun-yo kont maladi nou rele tibèkilòz. Moun k'ap touse toutan ki pa janm gen yon delivrans, ap montre'n yon siy tibèkilòz. Moun sa-a ta dwe kouvri bouch-li lè l'ap touse. Li pa't janm dwe dòmi nan menm kote ak ti moun. Li ta dwe w9 yon ajan sante pi vit posib. Yon ti moun k'ap viv ak yon moun ki gen tibèkilòz ta dwe pran vaksen kont TB (nou rele vaksen BCG).*

*NAR.1: Benyen timoun e chanje rad-yo e koupe zong-yo souvan. Mikwòb ak ze vè kache anba zong-yo. Swiv tout ti konsèy sa-yo. Aprann ti moun nan kominote-an pwòpte pèsònèl nou rele ijyèn ak pwòpte bouk-nou-yo nou rele sanitasyon. Ankouraje ti moun*



fè pwojè nan kanton-yo pou kote yo viv-lan vin yon kote tout moun gen la sante.

NAR.2: Pa bliye, fòk nou asire-nou ke ti moun-yo manje ase bon manje, bon nitrisyon. Bon lamanjay. Paske se bon manje ki pwoteje kò-a kont anpil enfeksyon - kont anpil maladi. Yon ti moun ki byen nourri, ki manje byen, gen plis rezistans a tout kalite maladi. Yon ti moun ki malnouri, ki pa manje ase, ka mouri ak nenpòt ti enfeksyon.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.1: Mezanmi, an-nou kenbe puy ak fontèn dlo-yo pwòp. Pa kite bèt ale bò kote moun abitye bwè dlo. Si nou kapab, mete yon kloti pou anpeche bèt rive kote sa-yo. Pa pou pou epi pa jete fatra bò sous dlo-yo, bò puy-yo. Toujou fè atansyon pou tèt sous-lan, rivyè-yo, kote yo abitye pran dlo potab, toujou pwòp.

NAR.2: Boule tout fatra ki ka boule. Sa ki paka boule ou ta dwe antere-yo fon men byen lwen kay-nou epitou byen lwen kote moun abitye pran dlo pou yo bwè. Konstwi latrin pou kochon ak lòt bèt pa manje pou pou moun. (Sa ka evit-yo pran grenn nan vyann - yon vè nou rele tenya - ki ka gen anpil danje pou nou si nou rive manje vyann bèt ki trape vè sila-a)

KONTWOL: MIZIK POPILE SOU VE (TAN: )

NAR.1: Kounye-an an nou plante pwa!  
Peyizan Laplenn-yo, depi mwa Desanm denye, nou te plante pwa. Petèt sete pwa 7 semenn, pwa joute, pwa dekjèt, pwa tamazulapa, kèk lòt petèt. Pandan m'ap pale'n la-a, pwa-nou-yo ka ap fè flè, pwa-nou-yo gen dwa ap fè gous osnon yo pare pou rekolte.

NAR.2: Si pwa-nou-yo an flè, atansyon mezanmi, atansyon ak zwezo-yo, epi atansyon ak van fò-yo. Si pwa nou-yo ap fè zegwi, alòs rouze-yo chak semenn. Pouka gen bon gous, si pwa-ou-yo pare pou rekolte, tann gous-yo vin byen sèk anvan ou rekolte-yo epi lè yo fin byen sèk, rekolte-yo.





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 27 FEVRIYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: KIJAN POU'N KONSTWI YON ZOUTI NOU RELE NIVO-A - KIJAN POU'N FE YON BARYE PAY OU RANP. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou. Eske ou ka esplike elvè-nou-yo kisa nou rele yon nivo A?**

**NAR.2: Yon nivo A se yon zouti ki fèt anfòm yon gwo lèt A, ki sèvi pou jwenn nivo yon teren. Zouti sa-a endispansab nan konsèvasyon sòl. Li nesèsè pou'n rive jwenn direksyon pou'n fè baryè pay, kanal kontou, mi sèk elatriye. Kijan nou ka fè zouti sa-a Dan?**

**NAR.1: Fòk nou genyen 3 mòso planch. 2 ladan-yo dwe pi long. 2 mòso pi long-yo fèt pou genyen 2 mètr chak e fòk yo gen menm longè san wete san mete. Yo fèt pou yo genyen 2 pous e demi lajè. Twazyèm mòso planch-lan fèt pou genyen yon mètr longè, 6 pous lajè (m'ap rebran pou nou). Kounye-an kisa pou'n fè?**

**NAR.2: Fè zantay nan tèt 2 mòso planch ki pi long-yo epi kloure tèt-yo ansanm. Kloure mòso ki pi kout-la nan mitan 2 ki pi long-yo. W'ap chache mitan nan tèt 2 mòso ki lile ansanm-yo epi w'ap kloure yon gwo klou ladan'l. Kounye-an ou pral chache**

INSTITUT INTERAMERICAIN DE COOPERATION POUR L'AGRICULTURE  
BUREAU CENTRAL

B P 2020 PORT-AU-PRINCE HAÏTI • TEL 5-3616 5 1965 • 1ère IMPASSE LAVAUD No 14 • TELEX 2030511



*mitan mòso planch ki nan mitan-an epi w'ap fè yon ti mak ladan'l. Nou ka fè yon ti kout goyin tou piti pou mak-la pa efase. Kisa pou'n fè apre sa, Dan?*

**NAR.1:** *Lè'n fin fè sa, n'ap bezwen yon bout fisèl oswa yon bout kòd pou'n mare nan klou-a. Fisèl-la dwe depase mak ki nan planch ki nan mitan-an. Mare yon plon nan pwent fisèl-la. Nivo A-a pare pou travay. Men, kisa nou ka fè si nou pa jwenn yon ti bout fè pou zèvi plon, Ramo?*

**NAR.2:** *Nou an-nik chache yon ti ròch ki gen anpil pèz. Si posib jwenn yon ti bout tiyo, nou kab mete yon ti beton andedan'l ak yon ti fè nou ploye foure ladan'l. Nenpòt mwayen nou jwenn pou nou fè plon-an, l'ap toujou kapab sèvi.*

**NAR.1:** *Pa bliye - Tout nèg kap travay tè fèt pou gen zouti sa-a, yo rele nivo A-a. Li pa koute anpil lajan. E, nenpòt bòs bout manchèt kapab fè'l, depi nou ba'l esplikasyon. Depi nou konn manyen goyin, nou gen yon ti fèy planch ak kèk grenn klou, nou kab fè'l alèz. Menm si nou dwe achte'l, fòk nou fè sa, paske se li menm ki pou ede'n sove tè-nou-yo.*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

**NAR.2:** *Kounye-a, nou ta renmen fè yon ti pale sou baryè pay ou ranp. Lè nou fè yon bwa nèf, nou koupe anpil bwa. Lontan nou te kon dispatcha yo tout, brile-yo. Kounye-a, nou pap fasil fè sa. Nou brile sèlman ti branch-yo. Gwo-yo sèvi pou'n fè chabon, lacho elatriye. Lè'n fin brile tout boukan nou te fè, nou kite tè-a toutouni. Lè sa-a se yon bèl teras nou pare pou erozyon. Kisa nou ka fè ak tout ti branch bwa-yo e menm ak gwo-yo*





NAR.1: *Nou kapab fè ranp nan jaden-an pou bare machin erozyon-an. Bwa sa-yo, olye yo kankannen nan dife, kite rout pou lavalas pase: yo sèvi pou anpeche tè-a ale e yo pral pouri pou tounen imis nan tè-a. Yon nèg ki travay ak lespri, pap janm brile branch bwa nan jaden'l. L'ap pito chache lòt pou konplete pou li fè ranp. Kisa nou bezwen pou nou fè ranp?*

NAR.2: *Pou nou fè ranp nou bezwen prepare pikèt. Tire yon liy dwat antravè jaden-an. Si jaden-an laj, fòk ou chache koub nivo ak yon nivo A anvan nou fè ranp-yo. Kijan nou pral fè sa? W'ap monte nan tè jaden-an. Kanpe nan yon kwen nan lizye jaden-an. Mete yon premye pikèt epi w'ap poze yon pye nivo A-a nan pikèt-la. Pye ki kole nan pikèt-la pa dwe deplase. Fè lòt pye-an deplase, fè'l promennen jouktan fil-la frape nan mak ki nan mitan-an plizyè fwa. Touttan fil-la poko frape mak ki nan mitan-an plizyè fwa, chache toujou. Lè ou jwenn mitan-an mete pikèt-lan devan lòt pye-a atò. Apre sa, leve nivo A-a, mete yon pye nivo A-a devan dezyèm pikèt ou fèk mete-a - fè menm jan-an jiskaske fisèl-la frape nan mitan mak-lan ankò. N'ap kontinye konsa jistan nou rive nan bout jaden-an. Apre nou fin mete pikèt-yo, nou jwenn sa yo rele koub nivo-a.*

NAR.1: *Apre nou fin chache liy dwat-la oubyen koub nivo-a, mete lòt pikèt-yo nan twou kòt a kòt nan yon distans 2 pye konsa. Apre sa, ranje tout branch bwa-yo andedan pikèt-yo tankou yon baryè. Nou kapab plase pikèt-yo nan yon distans 1 mè konsa. Lè nou sakle yon tè ki gen bwa mayi, bwa pitimi, bwa pwa kongo oubyen nenpòt zèb, olye nou brile tout bagay sa-yo, nou kapab fè baryè pay avèk yo. Baryè pay-la kapab genyen 50 santimèt konsa (1 demi mè). Nou kapab fè ranp ak bagas kann, pay palmis, pay kokoye. WSi tè-a pa twò pandye e selon kantite pay nou genye, nou kab fè yon ranp chak 10 rive 15 mè. Si tè-a pandye oubyen si se nan yon ti ravin, nou kab fè ranp-yo chak 5 mè.*

NAR.2: *Ranp se bagay yo fè ak bwa mayi, bwa pitimi, oubyen branch bwa antravè mòn-yo pou rete lavalas. Nou fè sa ak 2 ranje pikèt bwa yo mete e yo ranje tout pay-yo andedan. Pa bliye: ranp genyen 3 avantaj bab ak moustach:*



NAR.1: 1.- Li anpeche dlo pran tè-an. N'ap sezi wè kantite tè ki rete dèyè ranp sa-a, apre kèk lapli. Dèyè ranp sa-a, nou kab plante bannann, kann elatriye.

2.- Li fè dlo-a antre nan tè-a. Piplis dlo antre nan tè-a, miyò pou plant-yo ki jwenn lè yo bezwen.

3.- Li bay tè-a fimye. Apre yon ane, tout bagay-yo pouri, yo tounen fimye ki pral bay tè-a imis pou kenbe tè-a pou bay plant-yo manje.

NAR.2: Yon denye ti rekòmandasyon:

Toujou kòmanse fè ranp-yo nan tè jaden-an, paske si nou kòmanse anba, nou pa rive anwo, dlo pral brote tout tè anwo desann nan ranp-yo e si dlo-a vin avèk anpil fòs, li riske pran ranp-yo ak tout kilti nou te fè-an. Se depi anwo pou'n koupe fòs dlo-a.

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**TAN: 6:5609 (SAN ENTWODIKSYON - MIZIK APROPRIYE EPI FEN PWOGRAM AK MIZIK PRE-GRAV)**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Kòdinatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL MADI 28 FEVRIYE 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a pwogram 3 pawòl-lan pral fè yon ti eklèsisman pou kèk elvè sou diferan swen yo fèt pou bay bèt-yo an jeneral. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Dan eske se moun ki rele nan Biwo IICA ki te bezwen yon ti eklèsisman sou kèk bagay?**


**NAR.1: Mon chè Ramo, se mesaj kèk elvè, nan Nò te voye bannou ak ekstansyonis ki travay nan zòn sa-a. Premyèman, kèk elvè plenyen - yo di yo trouve yo bije bay bèt-yo twòp swen. Yo bay kòm egzanzp "vaksen" - bagay yo paka fè pou pitit-yo. Yon lòt bagay se vèmifij (remèd pou touye vè). Mwen dakò - - de fwa nou ka pa gen mwayen pran swen pwòp pitit nou. Men, m'ap mande-nou tout k'ap koute'm. Eske nou vle konnen kisa ki ta miyò pou'n evite maladi kay bèt-nou? Eske paske yon moun pa gen ase lajan li fèt pou'l rete nan fè nwa? Li fèt pou'l rete san konesans? Souvan nou bay kèk konsèy sou zafè medikaman oswa sou zafè manje ke nou tout pa gen mwayen**



*fè. Men, eske nou pa kwè li toujou pi bon pou gen enfòmasyon anba ponyèt-nou? Pandan m'ap pale avèk-nou la-a, gen de elvè Paskatabwa ki kalkile pito yo met yon ti kòb deyò pou bay bourik-yo vèmifij paske bourik sa-a, se li menm ki pòte chay kay-li, ki pòte machandiz-li nan mache - ki rale moulen kann-li. Si li pa mete ti kòb sa-a deyò, bèt-la ka mouri ak vè - - Lè sa-a, e li menm, e pitit-li-yo nan ka.*

*NAR.2: Sa se verite - - Nou toujou di evite miyò pase mande padon - Gen rezon pou sa. Souvan se paske nou kenbe bèt-nou-yo nan move kondisyon ki fè nou gen pakèt maladi ki konn tonbe sou nou tankou yon lavalas. Yon lèt bagay sèke gen de epòk gen kèk maladi kontajyèz (ke lòt bèt gen dwa trape de sak maladi-yo) lè sa-a, pito ou reziyen-ou mete yon ti kòb deyò pou vaksinen si se yon maladi ke vaksen ka pwoteje bèt-ou-an. Pa egzanp, kounye-an nan Jeremi elvè-yo gen chans pou vaksinen bèf-yo kont chabon ki rele antraks. Ak 5 Goud, yo pran chans depanse lajan sa-a paske ale wè yo gen yon bèf ki gen chabon. Y'ap pèdi e sak e krab. Yo pa ka vann vyann sa-a, se danje pou nout tout - Moun ka trape maladi chabon - yo ka mouri si yo manyen andedan kò bèt sa-a. Eske li pa vo ti traka sa-a pou evite maladi malouk sa-a ki ka fè-ou pèdi anpil lajan, ki ka tiye yon bann moun (si moun ki gen bèt sa-a pa gen konsyans). Kounye-an nou pral fè yon ti bak ankò.*

*NAR.1: Ramo t'ap pale de kenbe bèt-yo nan move kondisyon. Konbyen fwa nou tande yon moun di: se yon bèt, ou ka ba'l manje nenpòt kisa? Oubyen ou ka rive nan yon bouk, ou wè yon manman kochon plenn epi ou wè moun k'ap okipe'l-lan ap ba'l kout pye pou'l leve manje? Konbyen fwa nou rive yon kote nou wè de ti bèt ki fèk fèt nan dlo ak imidite. Tout bagay sa-yo, se move kondisyon yo ye. Ki vle di: Kit se kochon, kit se bèf, kit se chwal kit se poul, fòk nou realize se pa wòch yo ye se*





*zannimo vivan yo ye ki bezwen bon manje, bon dlo, pwòpte, swen. Menm jan avèk nou, yo pa renmen yo maltrete-yo.*

**NAR.2:** *Gen de moun ki konn mande? Eske bèt-lan pale avèk ou, se li menm ki di-ou li pa renmen sityasyon'l? M'ap bannou egzans ki pral montre-nou kisa ki ka rive lè nou maltrete yon bèt. Gen 2 elvè ki gen 2 bèl kochon yo kòmanse angrese-yo menm lè. Anplis, yo te achte-yo lè ti chatre-yo te gen 2 mwa (tou le 2 bèt sòti nan menm pòte - yo te gen menm manman). Bèl jou rive pou 2 monkonpè-yo mennen chatre-yo nan mache. Youn leve bonè, mande 2 moun ede'l ak bèt-lan pou lè tanzantan li pa ta vle mache, pou yo bal yon bourad nan dèyè'l. Anvan solèy gen tan vin twò cho monkonpè sa-a gentan fè mwatye chimen pou tounen nan bouk-lan, lè li kontre ak lòt monkonpè-an.*

**NAR.1:** *Lòt monkonpè-an menm chwazi, solèy fin leve nèt, li di lòt-lan, ala sòt ou sòt - mwen fè yon bon dòmi - mwen gen tan fè yon bon manje anvan'm sòti epi afè mete moun nan kòzman-ou: se pa pou mwen sa, paske mwen p'ap gen poum pataje anyen ak pesòn. Premye monkonpè-an kontinye fè chimen lakay-li pandan lèt-lan li menm kòmanse ap pèdi pasyans. Li pran yon gwo baton, li kòmanse bat kochon-an sou tèt, bò dèyè'l - Lè sa pa mache, li kòmanse rale kòd ki nan kou kochon-an. Kochon-an li men, se yon bèt li ye...li paka plenyen, li pa ka pale...Solèy kòmanse chofe seryèzman, kochon-an ap soufel, soufle, soufle...Mèt-la li menm l'ap voye kout baton monte, tanzantan l'ap rale sou kòd-lan. Piti, piti monkonpè rive nan mache. Tan pou'l diskite pri, kochon tonbe mouri.*

**NAR.2:** *Se vre yon bèt se yon bèt. Li pa merite ou mete'l nan kabann, ni'l pa merite manje sou tab, men, zanmi elvè-nou-yo, kilès nan monkonpè sa-yo ki gen rezon? Kisa ou ta fè ou menm, maltrete oswa pa maltrete bèt-ou? Vaksinen oswa pa vaksinen bèt-ou? Bay vèmifij (remèd touye vè) oswa kite vè anvayi bèt-ou?*

**NAR.1:** *Souvan nou tande kèk moun di se bèt., yo pa bezwen swen, yo pa merite ou investè twòp tan-ou pou yo. Antbuka pa bliye, sa-ou fè, se li ou wè. Gen de bagay ki oblije-nou mete ti kòb deyò pou nou ka jwenn avantaj ak bèt-nou-yo. Men, souvan, ak yon*



*jefò, ak yon ti lespri, san nou pa me't okenn lajan deyò, nou ka pran swen zannimo-nou-yo korèk san nou pa pèdi twòp tan ni pèdi tout bagay. Pa egzanp, lè yon manman kochon fèk fè pitit, si nou sanble pay sèk, fè yon ti kwen nan yon pak pou bayo pwoteksyon pou manman-yo pa kouche sou yo, nou ka sove 3 ka nan ti kochon sa-yo paske ti kochon tankou tout ti bèt ki fèk fèt pa renmen fredri, pa renmen mouye, pa renmen imidite . Bagay sa-yo se gwo lenmi ti bèt yo ye. Kenbe tout ti bèt ki fèk fèt pwòp, sèk, cho. Sa se yon ti teknik ki pa koute nou okenn lajan men fòk nou investè yon ti tan.*

*NAR.2: Yon lòt egzanp - Yon bèt fèk metba - Li nouris - li mare yon kote. Pyès moun pa enterese pòte dlo tanzantan pou-li, ni pòte ti manje tou. Men, menm moun sa-yo trouve bèt sa-a pa vo anyen, paske li pa bay lòt oubyen lè'l fin sevre pitit-li-yo li pa ka fè lòt. Men yon bagay. Nou ka enterese timoun-nou-yo, depi yo tout piti, bay bèt-nou-yo swen. Dlo se lavi. Men, pa gen okenn kote ki di slo se lavi pou nou menm kretyen vivan sèlman. Kit se bèt, kit se pyebwa, kit se plant kit se nou menm - san dlo - n'ap mouri. Nou ka pa genyen ase dlo kote nou viv-lan men, si nou gen yon bèt ki fèk metba, pou'n sove pitit-li-yo fòk li jwenn dlo toutan. San dlo pa gen lòt - e sa se yon lòt ti teknik ki pa koute-nou anyen.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 1 MAS, 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE.**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: LE YON CHWAL MALAD, MEN KI SIY  
OU KA WE - LE OU SISPEK YON CHWAL MALAD, MEN SA OU DWE FE EPI  
MALADI TI CHWAL. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo  
ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk-  
nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Lè yon chwal malad, li ka gen lafyèv - Sa vle di yon tanperati  
102 farenite oswa 39 santigrad.**

**NAR.1: Yon chwal malad si kè'l ap bat pi vit pase 50 fwa pa minit  
pandan chwal-la ap repoze. Batman kè-a kapab twò vit akòz  
doulè oswa akòz yon mikwòb k'ap atake kò chwal-la e k'ap bali  
lafyèv. Si chwal-la poko gen 1 an, batman kè'l ka pi vit men  
li toujou nòmal.**

**NAR.2: Lè chwal-la ap respire, li souffle pliske 15 souf pa minit  
pandan l'ap repoze, li ka respire twò vit akòz doulè oswa yon  
mikwòb k'ap atake poumon-li. Sa montre-ou chwal-la malad. Ki  
lòt bagay, Dan?**



**NAR.1:** Lòt siy ou ka wè lè yon chwal malad sèke li ka ap bwate - Li ka ap bat kò'l akòz vant-li fè'l mal. L'ap aji dwòl. Li ka gen yon blese k'ap bay pij oswa ki cho anpil. Li ka gen yon ekoulman ki sòti nan nen-li oswa nan bòbòt-li e ki sanble pij.

**NAR.2:** Chwal-la ka malad anpil tou si kò'l vin rèd, li pa ka deplase menm e li pa ka ouvri bouch-li. Epi kò'l ka tranble lè li tande bwi - Sa ka montre-ou chwal sa-a gen tatanòs.

**NAR.1:** Si chwal-la ap touse souvan, menm lè pa gen pousyè sa ka vle di li gen lemoni (yon enfeksyon nan poumon'l).

**NAR.2:** Chwal-la ka gen dyare - dyare-a ka akòz vè, menm jan-an tou sa ka akòz yon bakteri ki yon kalite mikwòb ki atake trip bèt-lan. Kòd lonbrit-la anfle (si se yon ti chwal). Chwal-la ka pa gen je klè ki ka di-ou li gen anemi.

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1:** Kounye-a lè nou fin remake 2 ou twa oswa youn nan siy sa-yo sou chwal-nou-an. Kisa pou'n fè lè sa-a?

**NAR.2:** Mande mèt bèt-la tout istwa sou chwal-la e sou pwoblèm ke li genyen. Mande'l si pwoblèm-nan ap kòmanse ranje osinon si'l ap vin pi rèd? Mande'l tou, si gen plizyè lòt chwal nan zòn-nan ki gen menm pwoblèm. Si, wi, sa kapab yon maladi kontajyèz e lè sa-a fòk ou ta fè yon ajan veterinè konn sa.

**NAR.1:** Mande mèt chwal-la si li janm bay chwal-la vèmifij (remèd pou touye vè)? oswa nenpòt lòt remèd, ki dòz (ki kantite) e kijan chwal-la te ye apre li te fin resevwa remèd-la? Gade kijan chwal-la ap mache e kijan l'ap aji? Obsève nan ki eta chwal-la ye.





**NAR.2:** Tyeke tanperati chwal-la. Tanperati nòmmal pou yon chwal, se 100 e demi Farenite oswa 38 Santigrad. si tanperati rive pi wo pase 102 Farenite oswa 39 Santigrad, chwal-la gen lafyè. Ki vle di li gen kèk enfeksyon.

**NAR.1:** Tyeke batman kè-a. Si li nòmmal - li dwe 40 batman pa minit eksepte pou yon chwal ki poko gen 1 an - kè'l toujou bat pi vit e li toujou nòmmal. Tyeke kòchwal-la toupatou, po-li: pou wè si li pa gen kèk parazit sou po tankou gal, tik oswa pou. Yon lòt ti bagay - pou kontwole batman kè chwal-la, manyen zo machwè anba-li.

**NAR.2:** Apre ou fin fè yon bon egzamen, gen yon bon chans pou konnen ki pwoblèm chwal-la genyen. Se apre ou konnen ki pwoblèm chwal-la genyen, ou ka deside kijan pou trete'l. Si ou pa rive konnen, chache yon moun ki gen plis eksperyans pase ou menm oswa yon ajan veterinè pou ede-ou.

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1:** Kounye-an nou pral pale nou de maladi ti chwal konn genyen. Ti chwal konn genyen enfeksyon nan kòd lonbrit-yo e nan jwenti-yo. Sa ka rive si kòd lonbrit-la vin sal. Mikwòb antre nan kòd-la e voyaje toupatou nan kò ti chwal-la. Ti chwal-la kòmpanse malad epi jwenti-li-yo ka anfle. Li ka bouke. Li pa vle tete e li ka gen lafyè.

**NAR.2:** Men kisa pou'n fè lè sa rive. Bay ti chwal-la antibyotik tankou penisilin (4 cc) 1 fwa pa jou ou byen penisilin/streptomisin (3cc) 2 fwa pa jou pou eseye sove ti chwal-la. Fè sa pandan 3 jou pou pi piti. Gen antibyotik ki pi bon pou pwoblèm sa-a, si ou ka jwenn-yo. Men, ou bezwen jwenn konsèy nan men yon veterinè anvan ou sèvi ak remèd sila-yo. Men, kijan ou ka anpeche sa rive ?

**NAR.1:** Tranpe kòd lonbrit ti chwal-la nan yon dezenfektan lè ti chwal-la fèk fèt epi mete enpe kreyolin sou'lonbrit-la pou vè mouch pa ka antre. Kenbe ti chwal-la yon kote ki pwòp. Sa vle di, pa mare manman-an yon kote ki gen anpil pousyè ou



*labou. Pito ou mare'l kote ki genyen anpil zèb.*

*NAR.2: Sa sete kèk ti konsèy pou evite maladi ti chwal.*

*KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE.*





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 2 MAS, 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: LE CHWAL GEN MALDO - MALADI NOU RELE BRISELOZ (KI ATAKE BET AK MOUN) - KEK SIPESTISYON MOUN KONN GENYEN - SA KI VERITE E SA KI PA VERITE. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk-nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Kisa nou wè lè chwal gen maldo? Lè yon chwal gen maldo, ou wè yon blesi parèt sou do'l. Kisa ki lakòz maldo kay yon chwal, Dan**

**NAR.1: Sèl-la ka twò kout ou twò long pou chwal-la. Yon bon sèl dwe gen yon longè selon longè chwal-la. Sa vle di yon chwal ki pi long bezwen yon sèl ki pi long. Yon bon selyè se yon bòs ki pran tout bagay sa-yo an konsiderasyon. Men kèk lòt bagay ou dwe mande tèt-ou.**

**NAR.2: Eske gen ase panno? Eske chwal-la ap pòte yon chay ki twò lou? Eske chwal-la ap pòte yon chay twò lwen? Eske mèt**



*chwal-la kite'l sele tout jounen nan mache? Eske bèt-la twò mèg e do'l ap kanpe? Lè sa-a sèl-la frape do'l plis.*

**NAR.1:** *Si mèt chwal-la pa kite'l poze pou 1 a 2 jou tanzantan, ti blesi sa-a ka vin gwo, li ka vin enfekte epi vè mouch ka vin atake'l tou. Apre sa, blesi-a kòmanse fòme yon chè ki monte pi wo pase po-a. Chè sa-a rele yon boujon. Si mèt chwal-la kite pwoblèm-nan avanse, l'ap vin pi difisil pou'l trete chwal-la. Ki trètman nou ka fè pou maldo, Ramo?*

**NAR.2:** *Pa sele chwal ankò jouktan li refè. Si mèt chwal-la pa vle fè sa, l'ap gaspiye remèd pou trete chwal-la. Lave maldo-a byen ak savon. Retire tout chè ki vye e ki sèk. Si chè-a pouse pi wo ke po-a, sa vle di l'ap fòme yon boujon, graje kèk fèy papay e mete sa sou blesi-a chak jou. Apre sa mete kloròks an poud sou li. Bagay sa-yo ka fè chè-a desann. Ki lòt bagay?*

**NAR.1:** *Si maldo-a ap bay pij oswa yon move zodè, bay chwal-la antibyotik nou rele penisilin jouktan pij oswa move zodè-a disparèt (omwens pandan 5 jou). Dòz oswa kantite ou dwe bay chwal-la se 1 cc pou chak 20 liv pèz-li 1 cc penisilin pou chak 20 liv pèz-li. Veye maldo-a pou vè mouch. Si li kòmanse gen vè mouch, andedan blesi-a, mete remèd vè mouch sou li (kreyolin).*

**NAR.2:** *Pou evite maldo, evite tout sa ki kòz maldo tankou: evite mete yon sèl ki twò kout oswa ki twò long sou chwal-la. Pa fè chwal-la pòte chay ki twò lou. Pa fè chwal-la pòte chay twò lwen. Pa kite chwal la sele tout jounen nan mache. Pa kite bèt-ou-an vin twò mèg lè ou konnen w'ap sèvi avèk-li pou'l pòte chay. Epi fè chwal-la poze 1 a 2 jou tanzantan si ou wè maldo ap kòmanse.*

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE





**NAR.1:** *Kisa nou rele briseloz? Briseloz, se yon maladi ke bèt tankou kabrit ak bèf konn genyen. Pafwa yo konn bay kretyen vivan maladi sa-a tou. Kijan maladi briseloz parèt?*

**NAR.2:** *Maladi briseloz bay feblès, fè-ou swe anpil, fè-ou paka dòmi, li ka fè-ou pa gason, li ka ba-ou konstipasyon. Li ka fè-ou paka manje. Li ka ba-ou tèt fè mal avèk tout lòt kalite maladi. Li ka bay moun ki gen maladi sa-a anpil lòt pwoblèm tankou doulè nan tèt, zo fè mal elatriye. Men, kouman nou ka trape maladi sa-a?*

**NAR.1:** *Nou ka trape maladi sa-a lè nou an kontak ak bèt ki malad oubyen lè nou manje fromaj ki fre oubyen lè nou bwè lèt bèf oswa lèt kabrit ki malad ak maladi sa-a. Nou ka pran enfeksyon sa-a tou lè nou respire mikwòb kote yo touye bèt ki malad-yo oubyen nan yon laboratwa.*

**NAR.2:** *Kijan pou'n konbat briseloz?*

*Pou nou anpeche maladi sa-a antre sou moun fòk nou kapab kontwòle e fòk nou kapab dechoke enfeksyon kay tout lòt bèt ke maladi-a kapab atake. Fòk nou ta bouyi lèt anvan moun bwè'l. Pou pa pran enfeksyon sa-a, fòk moun-yo mete salopèt (yon gwo pantalon pou kouvri rad-yo lè y'ap fè abataj) epi fòk yo wè yon doktè tanzantan.*

**NAR.1:** *Li nesèsè tou pou nou vaksinen bè sa-yo kont briseloz. Pi bon fason pou kontwòle maladi sa-a se anpeche tout bèt trape'l. Si tout fwa ta genyen plizyè bèt nan yon twoupo ki ta genyen maladi sa-a, lita pi bon pou touye-yo epi ranplase yo ak lòt bèt ki pa malad. Sa se pou moun ki fè vach pou vann lèt bay moun pa egzanp.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Eske se vre ke lè fontanèl yon ti bebe anfonse (kote ki mou anwo tèt-li), sa vle di ti bebe sa-a pral mouri dyare s'il pa resevwa tretman espesyal?*

**NAR.1:** *Wi, souvan se verite. Lè fontanèl oswa kote ki mou sou tèt ti bebe-an vin mou, sa vle di ti bebe-an pèdi anpil do - anpil*



*likid nan kò'l e si nou pa ranplase'l ak sewòm oral oswa kèk lòt likid rapid, rapid, ti bebe sa-a ka vit mouri.*

**NAR.2:** *Eske se vre ke nou pa't dwe benyen yon ti bebe jouktan kòdon onbilik-li (kòd lonbrit-li) tonbe?*

**NAR.1:** *Wi - Ti bout kòd lonbrit fèt pou'l rete sèk jouktan li tonbe poukont'li. Men, nou ka netwaye ti bebe-an ak yon ti twal byen pwòp, imid plizyè fwa pa jou jouktan kòd lonbrit-la tonbe.*


**NAR.2:** *Konbyen jou apre yon manman fin akouche, li dwe tann anvan li benyen?*

**NAR.1:** *Yon manman dwe benyen ak dlo tyèd 1 jou apre li akouche. Zafè pa benyen pandan kèk semenn ka kòz gwo enfeksyon pou manman sa-a.*

*Sa sete verite sou ti bagay nou kwè-yo. Si nou gen kèk bagay nou ta renmen fè eklèsisman sou-yo, pa ezite ekri-nou: nan Biwo IKA - Bwat Postal 2020 - Potoprens - Biro IKA - Bwat Postal 2020 - Potoprens.*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 3 MAS, 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IIKA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou. Kisa diakout chaje pòte pou nou jodi-a Ramo?**

**NAR.2: Dan, jodi-a nou genyen yon kòzman sou: PITIMI, KIJAN POU'N PRAN KONTAK AK IIKA EPI MALADI KE MOUN AK BET KA TRAPE: TRICHINOZ.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1: Pitimi gen yon gwo valè ak yon gwo enpòtans tout kote nan Lemonn. Jodi-a n'ap pòte kèk ti konsèy agronòm Pierre St. Leger voye pou nou.  
An Ayiti yo plante pitimi pou manje, men anpil lòt kote yo plante pitimi pou bay bèf, kabrit, kochon, mouton manje epitou li gen yon gwo enpòtans pou poul ak tout lòt volay-yo. Ki kote pitimi sòti, Ramo?**

**NAR.2: Pitimi sòti an Afrik. Gen plizyè kalite pitimi. Gen yon pitimi ki sòti an Ejip ki rele Dura Kalifònya, gen yon lòt ki**




sòti an Afrik di Sid ki rele Kafir, gen lòt ki sòti nan peyi  
Lèzend epi dòt ki sòti nan Soudan ki yon rejyon ki nan Afrik-  
la tou.

**NAR.1:** Pitimi se yon plant ki gen anpil rezistans, li pa pè sechrès-  
lan menm. Pitimi-an pouse pi byen kote tanperati-a wo anpil  
pandan sezon ke'l plante-an. Kote tanperati-a pi ba pase 60o  
Farenite, pitimi pa vini twò byen - li pa bay bon randman. Pi  
bon tanperati pou pitimi se yon tanperati ki pi wo de 20o  
Farenite ke mayi nòmalmalman bezwen. Ki vle di, si yon tanperati  
ka touye mayi li paka fè pitimi anyen. Tout kote yo plante  
pitimi se kote lapli pa tonbe anpil e chalè twò fò pou plante  
mayi.

**NAR.2:** Sa n'ap di la-a sèke, pitimi kapab adapte-li kote lapli tonbe  
17 a 25 pous pandan peryòd chalè - peryòd sechrès plant-la yon  
ti jan ap dòmi, men li pa mouri, l'ap retounen pi anfòm si yon  
ti lapli tonbe. Agwonòm-yo kwè se paske pitimi-an gen yon  
swif sou li. Dlo pitimi bezwen pandan tan sèk pi piti pase sa  
mayi ak tout lòt plant mande. Kisa ou ka di-nou de plant-lan,  
Dan?

**NAR.1:** Yo di pitimi se tankou yon zèb li ye - sèl bagay se yon  
kalite zèb ki diferan e ki genyen diferan varyete plantasyon.  
Se yon plant ki grandi yon wotè 2 a 15 pye ou plis - Gen yon  
varyete ke yo rele ibrid - varyete sa-a siperyè. Li pa grandi  
twò wo (2 a 5 pye konsa). Lè li grandi, li yon ti jan ve  
sanble ak mayi. Pitimi se yon plant ki kwaze poukont-li.  
Apeprè 95 pou san flè-li-yo kwaze poukont-yo.

**NAR.2:** Kounye-an nou pral fè yon ti pale sou koulè pitimi-an ak  
itilizasyon'l.  
Tout grenn pitimi pa gen menm koulè - tou'depann de kalite  
pitimi-an. Gen pitimi ki gen koulè blanch, rouj, maron. Pou  
gwozè grenn-la, li depann de kalite ke ou plante-an. Pitimi





*rezistan anpil a sechrès., poukisa*


*Paske mayi evapore anpil, men rasinn pitimi gen yon sistèm ki pi rezistan epi li rale dlo pi fasilman nan tè sèk. E itilizasyon'l, Dan?*

*NAR.1: Pitimi se yon plant ki gen menm valè ak mayi, bagay anpil moun pa konprann. Li gen yon valè de 2 pou san plis pwoteyin ke mayi e li gen 1 pou san mwens grès ke mayi. Nenpòt bèt ap pran plis liv (plis pèz) si l'ap manje pitimi ke si l'ap manje mayi. Men, nan manje bèf ak kochon mayi-an genyen yon ti diferans tre lejè. 2 bèt sa-yo pran ti kras plis pèz lè yo ta gen mayi nan manje-yo.*

*NAR.2: Pa egzanp, pitimi genyen yon valè siperyè ke mayi pou: poul k'ap ponn-yo (pondèz-yo), poul pou vyann, ti mouton ak bèf k'ap bay lèt. Pitimi an jeneral bon pou tout bèt. Ki lòt bagay, Dan?*

*NAR.1: E byen Ramo, pitimi se yon grenn ki endistriyalize - Yo fè adbòd avèk grenn-yo, papyè, siwo, alkòl. Pitimi-an bay pi bon randman nan bagay sa-yo pase ble ak mayi. Anplis, pitimi, se pa yon plant ki bezwen fè roulman ak lòt plant. Nan kèk zòn kote tè-yo gen sab epi lapli pa tonbe oubyen gen ti lapli, pitimi toujou plante chak ane. Anplis, ou pa bezwen angrè paske souvan pa gen lapli. Tè sèk pa gen imidite, donk angrè pa sèvi. Men, kote ki gen irigasyon ak bon tè, angrè kapab yon avantaj. Pitimi renmen tè cho oubyen lè tanperati-a wo tankou mwa avril, me, jen, jiyè, Out.*

*NAR.2: Kounye-an nou pral bannou yon rekòmandasyon jeneral pou yon moun plante nan yon mezi nòm. Règ sila-a se pa ak li ye. Kote ki gen tè sèk, plante 2 a 4 liv pou chak ak oswa 2.2 a 4.5 kilogram pa hekta. Kote ki gen imidite ak irigasyon, plante 6 a 10 liv pou chak ak. Si nou fè yon ti kalkil e nou di ke n'ap mete 6 a 8 liv pou chak ak, si nou ta itilize 30 pous kòm ranje pa liy, nou ta dwe mete 8 a 10 grenn nan chak twou - sa ta bannou 4 a 6 plant chak pye. Pou jwenn yon bon rezilta, tè-a fèt pou'l gen imidite. E pou irigasyon-an, Dan?*



**NAR.1:** Pitimi se yon plant kipa pè sechrès, men li renmen irigasyon sètadi dlo. Pou ou jwenn yon pwodiksyon ou bezwen 20 a 25 pous dlo. Irigasyon-an nesèsè nan yon rejyon ki arid (sèk nèt). Pitimi-an bezwen dlo nan peryòd ke grenn-yo ap sòti. Si yo jwenn dlo, lè sa-a, n'ap jwenn bon rezilta. Jeneralman ou kapab mete dlo 2 a 4 fwa apre ou fin plante. Li pa rekòmande pou mete dlo apre grenn-yo fin rive an matirite. Eske ou ka pale-nou de maladi, ensèk ak lòt bèt, Ramo?

**NAR.2:** Ensèk kapab fè-ou pèdi 9 pou san nan kilti pitimi-ou-an chak ane. Pinèz ak yon ti bèt ke yo rele sansi (ki yon ti bèt nwa, ki souse dlo oubyen lèt nan grenn pitimi-an, ka fè kilti pitimi-an anvayi ak bakteri - lè sa rive, grenn-yo paka fòme. Yon lè konsa tou gen de kalite vè ki ka domaje plant-lan. 10 pou san nan pwodiksyon-an ka bese akòz maladi.

**NAR.1:** Yon lòt fwa nou pral fè yon ti kòzman sou diferan bagay ou ka fè pou pwoteje kilti-ou-yo tankou: kilti pitimi, mayi elatriye.

**KONTWOL:** MIZIK APROPRIYE


**KONTWOL:** DE: NOU TA RENMEN ENVITE ELVE-NOU-YO  
JISKA: E ROSEAUX: GILBERT ST. JUSTE (PRE-GRAVE DE PWOGRAM  
DIAKOUT CHAJE DU 17FEV. 1989)

**KONTWOL:** MIZIK POPILE (TAN: 2 MINIT)

**NAR.2:** Kounye-an nou rive sou yon kòzman ki trè zenpòtan: maladi ki ka atake bèt menm jan ak nou menm kretyen vivan: TRICHINOZ. Kisa trichinoz-la ye, Dan?

**NAR.1:** Ramo, trichinoz se yon enfeksyon ke yon vè bay bèt tankou kochon, chyen, chat ak rat. Bèt sa-yo ka bay moun maladi sa-a. Nou ka trape maladi sa-a sitou nan manje espesyalman nan vyann kochon ki kri osnon ki pa byen kwit. Kijan nou kapab rekonèt maladi sa-a?

**NAR.2:** Lè yon moun gen maladi sa-a nou ka wè'l plizyè fason:  
1- Moun-nan gen dwa manke apetim li ka gen tèt-li k'ap vire




*oswa yon vant fè mal, vomisman oubyen dyare.*

*2- Apre kèk jou, moun sa-a ka gen lòt sentòm tankou doulè, mod tèt, fyèv ak frison epi li ka swe tou.*

*NAR.1: Li trè difisil pou'n rekonèt trichinoz sou yon kochon lè'l vivan. Pi souvan, lè kochon genyen maladi sa-a li aji yon jan dwòl epitou li gen vant fè mal. Chyen ak chat gen menm bagay ak kochon lè yo gen maladi sa-a. E kretyen vivan menm, trape maladi sa-a lè yo manje vyann kochon ki kontamine ak maladi sa-a (si vyann-nan pa byen kwit) Kijan nou ka konbat maladi sa-a?*

*NAR.2: Nou menm kretyen vivan ka evite maladi sa-a, si nou sispann manje vyann kochon ki sanble ki pa bon oswa ki pa't enspekte. Lè nou pral vann griyo, kòtlèt, sosis nou fèt pou nou bay tout mòso sa-yo bon swenyaj anvan nou vann-yo. Fòk nou ranmase tout pil fatra kote kochon-yo k'ap al foure nen-yo pou yo manje - pou yo pa trape vè sa-yo epi fòk nou pa bliye pou tiye tout rat ak sourit.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 Pawòl Lendi 6 Mas, 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: Kèk konsèy pou Kenbe poul-nou-yo an Sante - ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA - Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Depi poul-yo an sante, fèm-nan rapòte. Si poul-yo pa rive gen pwa fèmnye-an t'ap tann-nan, fèm-nan pral pèdi lajan. Poutèt sa, fèmnye-an dwe siveye si gen bon kondisyon liyèn pou poul yo epi dagaje'l pou kenbe kondisyon sa-yo. Lontan, anvan poul-yo rive, gen anpil dispozisyon ki nesèsè tankou:**


**NAR.1: Netwaye, lave, dezenfekte poulaye-yo ak tout lòt kay-yo. Lè yon seri poul ale, pou sa k'ap vini-yo pa trape okenn mikwòb fòk nou netwaye poulaye-yo. Yon mikwòb ka byen kache sou kò yon poul, yon ti kote pèsonn pa konprann epi lè lòt poul-yo rive, sitou si yo pa resewva vaksen ki nesèsè pou yo, mikwòb sa-a ka tonbe sou yo. Menm si pa't gen maladi ditou, yon fwa poul ale, poul ap vini, men sa ki pou fèt:**

**NAR.2: Lave, dezenfekte tout kay poul-yo. Mete pwazon pou touye move bèt tankou ensèk ak rat sou deyò kay poul-yo. Jete tout sa ki vle sanble fatra tankou rès manje premye twoupo-a.**

INSTITUT INTERAMERICAIN DE COOPÉRATION POUR L'AGRICULTURE

BUREAU EN HAÏTI

B.P. 2020, PORT-AU-PRINCE, HAÏTI • TEL : 5-3616, 5-1965 • 1ère IMPASSE LAVAUD No. 14 • TELEX : 2030511






**NAR.1:**      *Wete tout ekipman ki nan poulaye-yo jistan lòt poul-yo vini. Wete tout sa ki te sèvi pou poul-yo dòmi tankou pay elatriye. Brile tout sa ki te sal, ki te kase - Tout kadav bèt elatriye Fèmen kaloj poul-yo, dezenfekte-yo epi pa kite moun rantre ladan-yo Lave , dezenfekte tout materyèl ki kab demonte tankou ponp, sa ki sèvi pou bay bèt-yo manje oubyen bwè - prediliv( kote ou ka tranpe bòt-ou pou dezenfekte-yo elatriye. Kijan pou'n pwoteje poul-nou-yo kont rat?*

**NAR.2:**      *Rat se move bèt: Lè ou wè youn, konnen gen 15 lòt deyè. Yo kalkile chak rat vòlè yon ka liv manje chak jou. Fòk bèt sa yo pa jwenn jwen pou yo bòde poulaye-yo, paske dega yo kapab fè se men nan bouch.*

**NAR.1:**      *Yo kapab manje manje poul-yo - pòte tout kalite mikwòb k'ap detwi tout poul-yo anplis yo kapab atake materyèl-lan tou. Yo kapab manje ti pousen-yo tou. Sak pi rèd-la, ou gen dwa pa janm wè sa paske yo rantre nan twou ak ti pousen-yo. Kijan pou'n bòne rat, Ramò?*

**NAR.2:**      *Veye pou pa gen twou ditou yon kote - ni atè, ni nan gry-yo, ni nan plafon-an. Anpeche rat-yo pèse yon twou sou deyò pou yo pa fè chemen pou antre nan poulaye-a. Poutèt sa, fè yon twou ki gen 2 osnon 3 pye toutotou poulaye-a epi leve yon mi ak beton pou rat-yo pa kapab pèse'l. Si ou pa ka fè sa, chache yon chat pou chase rat-yo.*

**NAR.1:**      *Kounye-a nou pral fè yon ti pale sou trètman pou touye rat. Li trè zenpòtan pou konn touye rat yo si yo la, sankwa ni poul ni manje poul ap disparèt. Mete sou deyò poulaye-yo manje rat fèt ak fosfò zen mele ak lwil kizin. Fòk gen kont lwil paske lè rat-la'pran pwazon-an li swaf anpil, la riske al foure bouch-li nan dlo fèm-nan - Lwil-lan ralanti swaf-li anpil*



**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**


**NAR.2:** Lè poul-yo rive atò, fèmye-a ap kouri gade si tout anfòm l'ap gade si lonbrik-yo byen sèk - san maladi - si yo gen yon ti pwèn nwa byen sèk osnon yon maleng ble. L'ap gade si bèt-la ge - si je'l byen louvri, san lasi ladan'l L'ap veye si kò bèt-yo byen sèk L'ap touye tout ti poul k'ap bwete - tout sa ki yon jan kagou L'ap verifye si tout ti poul-yo vaksinen - si yo pankò, l'ap fè sa li menm. E sou zafè fredyè nan poulaye-an, Dan?

**NAR.1:** Femyè-an dwe egzant anpil sou zafè tanperati nan poulaye-an, paske twòp chalè osnon twòp fredyè, kapab touye tout poul-yo. Bèt sa-yo fèt pou alèz pou yo grandi. Se pou toujou veye siy ki montre-ou si yo twò cho oubyen si yo twò frèt. Pran senkyèm rive sou setyèm semenn: eseye kenbe yon tanperati modere: 70 degre farenite ki vle di 22 degre santigrad - Eske ou ka esplike elvè-nou-yo kijan pou yo chanje tanperati poulaye-a, Ramo?

**NAR.2:** Si n'ap sèvi ak kouran elektrik - nou ka retire enpe anpoul plizyè kote pou gen menm chalè-a toupatou nan poulaye-a. Si se chabon dife k'ap sèvi - nou ka mete mwens chabon pou dife-an pa vin twò cho. Men kisa pou'n fè

**NAR.1:** Pran premye jou-an rive 8 tyèm jou-an, 95 degre farenite ki vle di 35 degre santigrad - Limen chofaj pou ti pousen-yo Dezyèm semenn-nan: 90 degre farenite ki vle di 32 degre santigrad - Bese chofaj-la Twazyèm semenn rive katyèm semenn-nan: wete chofaj-la nèt

**NAR.2:** Atansyon: rido rann anpil sèvis nan zafè kontwole tanperati. Selon sa tèmomèt-la bay lè nou mezire, nou louvri osnon fèmen rido-yo. Pou pran tanperati-a byen, se pou tèmomèt-la plase 10 pous anwo tèt bèt-yo. Pa bliye vaksen New Kasèl ak bronchit Ou ta dwe gen youn nan antibyotik sa-yo: Teramisin, penisilin



**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**


**NAR.1:** *Kounye-an, nou pral fè yon ti pale sou devlopman pou-la.  
Lè poul-yo ap grandi, fèmeye-an dwe kapab jwenn lakòz maladi  
k'ap fatige bèt-yo pou bayo swenyay pou yo pa mouri. La  
kontwole pèz-yo epi tou la siveye kouman yo manje.*

**NAR.2:** *Pa egzanp, anterit (trip anfle) anterit (trip anfle) fè poul-  
yo manje plis, tandiske lè yo pa pran souf byen yo pèdi apeti  
yo pa pwofite - Lè lestomak-yo pa fin twò bon, yo pèdi vitamin  
epi yo vin fèb. Fòk fèmeye-an veye lèt siy-sa-yo tou:*

**NAR.1:** *Bèt-yo refize tout manje san nou ka wè poukisa  
Poul-yo bwè twòp dlo  
Bèt-yo ap fè ti touse ki pa tande rete  
Bèt-yo watè yon ti jan dwòl (dlo nèt osnon mou)  
Epi, ti deyè-yo toujou sal.*

**NAR.2:** *Sa sete kèk ti konsèy pou kenbe poul-nou-yo an sante*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM-NAN AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**


**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM MADI 7 MAS 1989**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: KIJAN POU SEVI AK REMED -  
REMED SOU FOM LIKID -KIJAN POU PREPARE YON SERENG POU BAY  
YON PIKI - KI RISK KI GENYEN LE OU BAY REMED PA PIKI - Ak  
Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA -  
Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**NAR.2: Li trè zenpòtan pou'n konnen kijan pou'n sèvi ak remèd.  
Toujou swiv direksyon ki vin avèk remèd-la. Lè ou bay yon lòt  
moun yon remèd pou sèvi. make sou bokal-la, sou boutèy-la oswa  
sou bwat-la: non remèd-la ki andedan-an. Epi ekri kijan pou  
sèvi avèk li. Lè fini, fè lòt moun-nan k'ap pran remèd-la nan  
men-ou, esplike-ou kijan pou sèvi ak remd-la, pou asire-ou li  
konprann tout bon. Epi tou, menm si moun nan pa konn li,  
toujou voye ransèyman ekri ak remèd-la paske yon lòt moun ka  
li ransèyman-an pou li.**

**NAR.1: Men kisa pou ekri: Non remèd-la - Pouki maladi li ye - Pou ki  
bèt li ye e ki kantite pou bay. M'ap ban'nou yon egzanzp:  
NEOMISIN: se non yon remèd - POU DYARE TI KOCHON: se pou ki  
maladi li ye - BAY TI KOCHON 1 TI KIYE 2 FWA PA JOU POU 3 JOU:**





Madi 7 Mas 89


Se dòz ou kantite ou dwe bay-lan. Yon lòt bagay: si remèd-la se yon pwazon li ye tankou MALATYONG - Fòk ou ekri PWAZON sou bokal-la.

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: Kounye-an nou pra'l bannou yon ti esplikasyon sou remèd sou fòm likid. Nou mezire remèd an likid (pou bay pa bouch an mililit . Li ekri ak yon ti lèt m e yon ti lèt l kole ansanm ml. 1 ml = 1 cc epi nan 1 lit nou jwenn 1000 ml. Men souvan yo preskri remèd likid pa ti kiyè ou gwo kiyè. Eske ou ka esplike elve-nou-yo, konbyen cc ki genyen nan 1 ti kiyè, Dan?

NAR.1: 1 ti kiyè = 5 ml = 5 cc - 1 gwo kiyè = 15 ml = 15 cc alòs sa vle di 3 ti kiyè egal 1 gwo kiyè. Lè ransèyman sou remèd-lan di: pran 1 ti kiyè, sa vle di pran 5 ml oswa 5 cc Lè ransèyman sou remèd-la di pran yon gwo kiyè sa vle di pran 15 ml oswa 15 cc. Men gen eksepsyon! Gen plizyè gwo kiyè an Ayiti ki pi plat epi yo pa kenbe 15 cc. Yo kenbe sèlman 10 cc Kijan nou ka konnen konbyen cc gwo kiyè-nou-an genyen, Ramo?

NAR.2: Achte ou prete yon sereng - Ranpli sereng-nan ak dlo. Apre sa vide dlo sa-a nan gwo kiyè ou vle mezire-a. Kontwole konbyen cc ou te bezwen pou fè kiyè-a plen pou pwochèn fwa ou konnen egzakteman ki valè cc kiyè-ou-lan kenbe.




**NAR.1:** Men kijan pou'n prepare yon sereng pou bay yon piki: Demonte sereng-nan e bouyi'l ansanm ak zegwi-an pandan 15 minit. Vide dlo bouyi-an san manyen ni sereng-la ni zegwi-an. Konekte zegwi-a ak bout sereng-nan. Touche sèlman baz zegwi-an (souvan pati sa-a an plastik). Netwaye bouchon Kawotchou flakon-an ak dezenfektan tankou iyòd, kloròks alkòl ou kleren.

**NAR.2:** Souke flakon remèd-la pou li pa gen yon pati solid ki separe ak likid-la. Mete menm kantite lè nan sereng-nan w'ap bezwen pou remèd-lan. Foure zegwi-an nan flakon-an e peze sereng-nan pou tout lè ka antre andedan flakon-an. Mete pwent zegwi-an nan menm nivo ak remèd-la. Rale piston sereng nan (pati ou ka fè monte desann-nan) pou ranpli sereng-nan ak remèd-la. Peze piston-an yon ti kras pou retire tout lè ki rete andedan sereng-nan.

**NAR.1:** Pinga zegwi-a touche nenpòt bagay paske sa ka kontamine'l ak mikwòb. Pa menm touche'l ak koton ak alkòl. Si ou touche zegwi-a ak dwèt-ou oswa ak nenpòt lòt bagay. rebouyi zegwi-a. Kounye-an nou pral fè yon ti kòzman sou risk ki genyen lè ou bay remèd ak piki.

**NAR.2:** Yon enfeksyon oswa yon absès ka fòme akòz yon mikwòb te antre nan zegwi-a. Pou anpeche sa, itilize yon sereng ak yon zegwi ki byen esteril sa vle di ki pa gen yon kras mikwòb sou li menm. Sonje fòk nou bouyi sereng-nan avèk zegwi an pandan 15 minit anvan nou bay yon piki, epi chwazi yon kote ki pwòp sou bèt-la pou'n pike'l.




**NAR.1:** Lèt risk ki genyen se move reaksyon (sa vle di reaksyon alèjik Pou yon bèt gen yon move reaksyon ki vle di yon reaksyon alèjik fòk ou ka rekonèt siy move reaksyon sila-a tankou

**NAR.2:** Ti boul ki parèt toupatou sou po-a epi bèt-la grate kò'l Li ka kòmanse anfle nenpòt kote oswa li ka gen pwoblèm ak respirasyon'l. Li ka montre-ou siy chòk tankou tonbe, paka leve, pal, po frèt, respirasyon vit e fèb - batman kè vit e fèb. Ki remèd ki pi fasil gen risk sa-yo, Dan?

**NAR.1:** Se penisilin ak vaksen ki gen plis risk pou bèt (pou nou menm kretyen vivan tou). Si ou ta wè yon siy ki di-ou bèt-ou-an gen yon move reaksyon - pa janm bali remèd sa-a ankò. Epi si li gen yon siy chòk bay yon piki adrenalin (se menm bagay ak epinefrin) bay piki sa-a touswit anba po-a oswa nan chè-a. Si ou konn kijan mete'l nan venn-nan. Yon denye bagay se reaksyon toksik akòz twòp remèd sa-a ou te bay. Pou evite sa konnen dòz (kantite) ou dwe bay-lan epi konn tout prekosyon byen anvan ou sèvi ak yon remèd.

**KONTWOL:** FEN PWOGRAM-NAN AK MIZIK PRE-GRAVE





**A:** PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE:** Danile Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon

**POU:** PWOGRAM MEKREDI 8 MAS 1989

**KONTWOL:** ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1:** Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou kèk ti konsèy sou: **KIJAN POU'N DESIDE KI MALADI YON KOCHON GENYEN? N'AP BAN'NOU DIFERAN MALADI KOCHON KA GENYEN AK PLIZYE BAGAY KI KA KOZ MALADI SA-YO.** Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.  
**Ramo, kijan pou yon moun deside ki maladi yon kochon genyen?**

**NAR.2:** Mande mèt kochon-an anpil kesyon sou kochon ki malad-la. Ou ka mande tèt-ou kesyon sa-yo tou. Men kisa pou mande'l: **Depi konbyen jou kochon-an malad? E konbyen lòt kochon ki malad? Eske kochon-an manje e bwè? Eske li pou pou e pipi nòmal? Eske li vomi? Ki lòt bagay li genyen?**

**NAR.1:** Gade byen, eske kochon-an grate, eske li bwate oswa li gen kèk doulè? Mande kisa li te manje epitou konbyen fwa yo te bali dlo? **Ki kote moun-nan te jwenn kochon sa-a oswa ki kote li te achte'l? Ki lòt bagay nou ta dwe fè Ramo?**

**NAR.2:** Antre nan pak-la e egzaminen kochon ki malad-la. Tyeke'l byen **Pran tanperati kò-li pou konnen si li gen lafyèv? Gade kijan li respire? Gade pou pou'l. Eske bèt-la kanpe oswa kouche?**






*Eske li aktif oswa li kagou? Kijan ou wè plim yo ye? e Po'l?*

*NAR.1: Eske ou gade koulè andedan po je'l? Eske ou wè yon boul oswa yon blese? Eske ou wè pij k'ap sòti yon kote nan kò kochon-an? Tyeke pak-la, pou wè si li pwòp, si gen dlo ak si gen kèk twou atè-a epitou chache konnen si kochon-an gen ase lonbraj. Men kisa moun-yo pral fè ak tout enfòmasyon sa-yo, Ramo?*


*NAR.2: Kounye-a, moun-nan pral fè yon lis tout sentòm kochon-an genyen sa vle di tout bagay ki pa nòmal-yo. Avèk sa, li pral fè yon lis tout maladi ki posib. Deside ki maladi ki posib epi trete kochon-an pou maladi sa-a. Si apre kèk jou, kochon-an pa koumanse geri, tyeke ki lòt maladi sa ka ye.*

**KONTWOL; MIZIK APROPRIYE**

*NAR.1: Kounye-a, chita tande byen paske nou pral bannou kèk maladi ak plizyè diferan bagay ki ka kòz maladi sa-a. Avèk sa, ou ka konnen lè kèk bagay rive kochon-nou-yo. Yon tiri avòte - Kisa ki ka kòz yon avòtman? Enfeksyon nan matris - Koure ki te malad te kwaze ak tiri-ou-an - Tiri an te soufri yon gwò kou nan vant - Li te trape kèk gwo enfeksyon tankou briseloz - Twòp chalè te ka fè'l avòte tou. Si'l te manke manje oswa li te manje kèk pwazon, sa ka fè'l avòte. E yon kochon ki gen yon boul sou po'l?*



- NAR.2: *Kisa ki ka bay kochon boul sou po? Yon èni ka bay kochon boul sou po - Yon absè ka bay kochon boul sou po. Zo kraze yon kis oswa yon kansè ka bay kochon boul sou po. E Dyare Dan, kisa ki ka kòz sentòm dyare?*
- NAR.1: *Vè nan trip oswa nan lestomak ka bay dyare - bakteri nou rele i koli - Nenpòt ki lòt enfeksyon - Si yon ti kochon pa't jwenn kolostwòm (premye lèt manman'l) - Si kochon-an gen yon parazit nou rele koksidyà - Si nou chanje manje kochon-an sibatman oswa nou bali yon manje ki kanni sa ka bali dyare tou.*
- NAR.2: *E la fyèv? La fyèv pa yon enfeksyon men kochon-an gen fyèv lè li gen yon enfeksyon nan matris oswal nan mamèl-li. Li gen fyèv si li gen yon enfeksyon nan fwa, nan poumon, nan san , nan jwenti. Si li gen absè, li manke lonbraj, li gen anpil tèt chaje li ka gen fyèv. E grate kisa ki ka fè yon kochon grate, Dan?*
- NAR.1: *Gal ka bay kochon gratèl - pou, enfeksyon sou po, tik - Plim gra nan ti kochon e lè kochon-yo manje grenn palmis ki vèt sa ka fè-yo grate tou. Kounye-an nou rive sou yon bagay ki rive anpil an Ayiti se manman ki manke lèt: Poukisa sa rive Tiri-a ka manke dlo oswa manke ase manje - Li ka manke manje balanse - Li ka twò cho oswa li ka gen enfeksyon nou rele mamit ki yon enfeksyon nan manmèl. Li ka gen konstipasyon tou.*



**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**


**NAR.2:** *Si ou gen yon kochon ki mouri sibatman men kisa ki ka fè sa: Li te ka gen yon maladi ki rele roujè - Nou te tande pale pès posin afrikèn, sa ka kòz lanmò sibat yon kochon - Si ou te mare yon kochon nan solèy cho, ou ka jwenn li mouri - Si ou te bay kochon-ou-an manje ak twòp sèl epi li pa't jwenn dlo oswa si kochon-an manke dlo nèt li ka mouri sibatman. Si ti kochon pa't bwè kolostwòm ki premye lèt manman-an li ka mouri sibatman.*

**NAR.1:** *Si yon kochon pa vle manje - Li ka akòz fyèv, manje si, pwoblèm dan oswa kochon-an ka twò cho. Kochon-an pa vle kanpe li ka manke mineral ki rele fosfò oswa mineral ki rele kalsyòm - Li ka gen enfeksyon nou rele roujè, li ka gen janm kase preske mouri, enfeksyon nan jwenti ak nenpòt ki move maladi.*

**NAR.2:** *Si yon kochon pa grandi vit oswa vin mèg li ka gen vè, li ka manke manje oswa gen manje ki pa balanse - li ka te sòti nan move ras - Li ka manke dlo oswa li te gen yon maladi ki dire lontan.*

**NAR.1:** *Sa sete kèk enfòmasyon enpòtan sou kèk maladi ak diferan bagay ki ka lakòz-yo. Si nou ta gen kèk kesyon oswa nou bezwen plis esplikasyon, tanpri ekri-nou nan: BIWO IKA - BWAT POSTAL 2020 POTOPRENS - BIWO IKA - BWAT POSTAL 2020 - POTOPRENS - oubyen pran kontak ak fòmatedè IKA-yo sou teren-an oubyen ak ekstansyonis ki travay nan tout rakwen peyi-an. A la pwochèn*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM-NAN AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon**


**POU: PWOGRAM JEDI 9 MAS 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: KONSEY DOKTE MORIN SOU: TI BEF  
KI FEB - PWOBLEM AK BEF KI PA VLE MANJE - Ak Danièle Mangonès  
-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA, nou envite-nou pataje  
kòzman sila-yo avèk nou.**

**NAR.2: Gen plizyè bagay ki ka fè yon ti bèf fèb pa egzanp: yon  
mikwòb te antre nan kò ti bèf-la epi li fè'l malad. Sa rive  
pi fasil si bèf-la pa't bwè kolostwòm ki premye lèt manman'l -  
paske san kolostwòm, ti bèf-la pa gen okenn defans kont nenpòt  
mikwòb.**

**NAR.1: Yon lòt bagay ki ka fè ti bèf-la fèb se s'il grangou. Si ti  
bèf-la pa resevwa ase lèt, l'ap vin fèb - Manman-an ka pa GEN  
ase lèt akòz li malad oswa akòz li pa resevwa ase dlo e manje.  
Epi ti bèf-la pa resevwa ase lèt si li menm menm gen yon  
pwoblèm ki fè li pa ka tete ase byen. Sa vle di petèt li pa  
ka kanpe oswa li blese oswa li pèdi manman'l.**






**NAR.2:** Gen kèk ti bèf ki fèt ak defòmasyon ki fè-yo fèb. Pa egzanzp, yo ka gen kè ki defòmè. Lòt bagay se si manman ti bèf sa-a te gen yon maldanfan, si akouchman te dire lontan, gen de lè ti bèf-la te manke respire ase byen pandan l'ap fèt. Sa ka afekte sèvo'l e fè'l paka ni kanpe ni tete. Nou rele sa yon ti bèf sòt. Li sòt akòz sèvo'l andomaje paske li te manke respire. Dan, eske gen trètman pou sa

**NAR.1:** Bon, Ramo, premyèman, eseye jwenn kòz la. Pou sa mande mèti ti bèf-la kesyon. Mande si manman-an te akouche ak difikilte. Apre sa fè yon bon egzamen sou ti bèf-la e sou manman'l pou distinge si gen yon defòmasyon oswa si li gen siy maladi.

**NAR.2:** Nan pi fò ka ti bèf ki malad, se dyare e enfeksyon nan kòd lonbrit e nan jwenti oswa nemoni ki yon enfeksyon nan poumon ki ka kòz yo fèb. Lè sa-a trete'l pou sa. Lòt bagay ou ka fè se eseye jwenn ki pwoblèm ki genyen ki fè ti bèf-la pa resevwa ase lèt. Ranje pwoblèm-lan. Petèt se manman-an ki merite trètman.

**NAR.1:** Si se defòmasyon; pa gen trètman pou sa. Kwaze manman ti bèf sa-a ankò ak yon lòt toro. Si manman-an fè yon lòt ti bèf ak defòmasyon, pa kwaze li ankò. Pa gen trètman pou ti bèf sòt Men pou evite pwoblèm sa-a ankò, asiste vach-la lè li gen yon maldanfan pou ti bèf-la pa pran twòp tan pou'l fèt.



**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Pwoblèm pa vle manje kay bèf se yon siy de plizyè maladi. Sa vle di pa vle manje gen plizyè kòz. Alòs se pou'n mande mèt bèf-la bon kesyon epi pou nou fè yon bon egzamen sou bèf-la pou'n ka detèmine kòz-la. Ki diferan bagay ki ka kòz yon bèf pa vle manje?*

**NAR.1:** *Bèf-la ka gen nenpòt enfeksyon. Alòs fè yon bon egzamen pou ou ka jwenn lòt siy ki di-ou kote enfeksyon-an ye. Bèf-la ka gen yon endijesyon akòz li te manje yon pwazon ou yon plant ki pa't bon pou li. Oswa li te manje yon manje ki gate oswa ki moulen twò fen. Oswa li te manje twòp manje yon sèl kou. Li ka pa't abitye ak yon manje li te manje. Ki lòt bagay Ramo*

**NAR.2:** *Bèf-la te ka bwè yon dlo ki pa't bon pou li oswa bèf-la pa't konn resevwa ase dlo. Sa vle di li rete swaf toutan. Si bèf la gen doulè nenpòt kote nan kò li, sa ka fè'l pa vle manje. Dan'l ka pa anfòm. Gen de lè, bèf-la ka sispann manje akòz li an move eta, li malnouri epi li gen vè e tik.*

**NAR.1:** *Pou trete pwoblèm sa-a, se eseye jwenn kòz-la. Si ou jwenn siy yon maladi ou ka trete, trete'l. si se endijesyon:*





*retire manje, plant ou pwazon ki pa bon pou li e bay bèf-la repo jouktan li refè poukont-li. Si vant bèf-la vin anfle ak gaz, bali lwil kizin (yon galon pou yon gwo bèf) oswa lwil maskriti (1 boutèy kola) pou fè gaz-la desann. Si se dlo, bay bèf-la ase dlo pou bwè chak jou.*

*NAR.2: Si se doulè, eseye jwenn kote doulè-a ye e kòz li. Si gen trètman pou li trete'l. Si dan yo kòmanse pa anfòm oswa yo kòmanse rache, petèt, li lè pou touye bèf-la. Si bèt-la kagou: bali vèmifij (remèd touye ve), bon manje e bon dlo e trete'l pou tik si'l gen tik.*

*NAR.1: Sa se te kèk ti konsèy sou kisa pou fè si ou gen yon bèf ki pa vle manje.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM-NAN AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A:** PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE:** Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon


**POU:** PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 10 MAS, 1989

**KONTWOL:** ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

**NAR.1:** Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: *DIAKOUT-LA CHAJE*. Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk-nou. Kisa diakout chaje pòte pou nou jodi-a, Ramo?

**NAR.2:** Kijan pou rekonèt blesi ki enfekte - Kijan pou trete-yo - Yon ti revizyon sou zouti nou rele nivo A - Kijan pou'n fè kanal kontou epi kisa pou fè si ou bezwen kèk ti esplikasyon sou pwogram 3 pawòl-lan. Kijan ou konnen yon blesi enfekte, Dan?

**NAR.1:** Blesi-an vin rouj, anfle e li vin cho epi li fè mal. Blesi-an ka gen pij oswa li ka kòmanse santi move. Men kisa ou ka wè so enfeksyon-an kòmanse ale lòt kote nan kò-ou. Enfeksyon-an ka ba-ou fyèv - Anwo tèt blesi-an gen yon mak rouj. Gland-yo (ki ti boul ki pi pre kote blesi-an ye) vin anfle e yo fè mal. Lè gland ki dèyè zorèy-ou anfle, li siyale-ou ke ou ka gen yon enfeksyon nan tèt, nan po tèt-ou (anpil fwa sa rive akòz blesi ke: pou oswa tik kite nan po tèt-ou paske ou te grate kote sa-yo anpil.






*NAR.2: Lè ou gen gland anfle anba zorèy-ou oswa nan kou-ou, sa endike-ou ke ou gen enfeksyon nan zorèy, nan figi-ou oswa nan tèt-ou. Ou ka gen tibèkilòz. Lè gland anfle anba machwa ou, li endike-ou ke ou gen enfeksyon nan dan-ou oswa nan goj.*

*NAR.1: Lè ou gen gland ki anfle, anba bra-ou, li endike-ou ke ou gen yon enfeksyon nan bra, nan tèt, nan tete-ou. Lè ou gen gland anfle nan fant janm-ou, li endike-ou ke ou ka gen enfeksyon nan janm-ou, nan pye-ou, nan sex-ou oubyen nan dèyè-ou. Men, kisa pou fè lè ou gen yon blesi ki enfekte?*

*NAR.2: Fè konprès ak dlo cho epi mete'l sou blesi-a pandan 20 minit, 4 fwa pa jou. Si se yon men ki enfekte oubyen yon pye ki enfekte, tranpe youn ou lòt nan yon bokit dlo cho ak yon ti kiyè PERMANGANAT - PERMANGANAT. Kenbe pati ki enfekte-a an repo epi kenbe'l leve pi wo pase kè-ou.*

*NAR.1: Si se yon move enfeksyon: epi moun-nan pat vaksinen kont tetanòs, bali antibyotik tankou penisilin. Trè zenpòtan - Si yon blesi gen yon move odè, si li vin maron oubyen gri epi l'ap swente oubyen si po ki touotou-an vin nwa epi l'ap fè yon glòb - sa ka vle di se gangrèn moun sa-a genyen. Lè sa-a fòk ou kouri chache èd yon doktè. Antretan, men kisa pou fè.*




**NAR.2:** Lè ou gen yon blesi ki santi move, se yon enfeksyon trè danjerèz sa ye. An jeneral enfeksyon-an ka kòmanse ant 3 zè e 6 zè apre blesi-an te rive. Si ou pa fè tretman pou blesi sa-a, lè moun-nan gen tan gen gangrèn, li ka mouri nan kèlke jou.

**NAR.1:** Pandan w'ap tann yon doktè rive, koupe zong-ou, brose-yo epi lave men-ou byen lave. ou gen pou louvri blesi sa-a plis ke ou kapab. Lave li ak dlo bouyi epi savon. Retire tout chè ki pouri-an. Si ou gen posibilite chache jwenn dlo oxijene, lave'l ak dlo oxijene-an chak 2 zèd tan. Pa kouvri blesi-an pou lè ka antre andedan'l. Chache yon doktè vit vit.

#### KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

**NAR.2:** Nou pral bannou kèk egzanp blesi ki ka vin danjerèzman enfekte. Yon blesi ki sal ou yon blesi ki te fèt ak yon bout fè oubyen yon mòso fèblan. Yon blesi ki fon anpil epi ki preske pa't senyen. Kout dan, kochon, chyen oswa moun. Ki kalite swen nou ta dwe pran lè youn nan bagay nou fèk site-yo bannou yon blesi?

**NAR.1:** Lave blesi-an byen lave ak dlo bouyi epi savon. Retire tout salte ki andedan blesi-an tankou mòso boutèy, mòso bwa) retire san kaye, retire tout chè pouri-yo tou. Si ou gen yon sereng, flite tout kras ki nan blesi-an sòti  
Tranpe blesi-an nan dlo ak "potasyòm pèmanganat" - Tranpe




3 - A

**PWOGRAM RADYO EKSTANSYON****10 Mas 89**

*blesi-an nan dlo ak "potasyòm pèmanganat", Mete 1 ti kiè pèmaganat nan yon bokit dlo epi kouvri'l ak twal pwòp. Tout sa se pou evite enfeksyon-an vin pi mal ki ka kòz gangrèn. E, pa bliye, gangrèn ki pa swen ka kòz lanmò.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**



**NAR.2:** *Kounye-an nou pral fè yon ti revizyon sou zouti nou rele nivo A-a.*

*Yon nivo A se yon zouti ki fèt an fòm yon gwo lèt A, ki sèvi pou jwenn nivo yon teren. Zouti sa-a endispansab nan konsèvasyon sòl. Li nesèsè pou'n rive jwenn direksyon pou'n fè baryè pay, kanal kontou, mi sèk elatriye. Kijan nou ka fè zouti sa-a Dan?*

**NAR.1:** *Fòk nou genyen 3 mòso planch. 2 ladan-yo dwe pi long. 2 mòso pi long-yo fèt pou genyen 2 mètr chak e fòk yo gen menm longè san wete san mete. Yo fèt pou yo genyen 2 pous e demi lajè. Twazyèm mòso planch-lan fèt pou genyen yon mètr longè 6 pous lajè (m'ap rebran pou nou). Kounye-an kisa pou'n fè?*

**NAR.2:** *Fè zantay nan tèt 2 mòso planch ki pi long-yo epi kloure tèt-yo ansanm. Kloure mòso ki pi kout-la nan mitan 2 ki pi long-yo. W'ap chache mitan nan tèt 2 mòso ki kole ansanm-yo epi w'ap kloure yon gwo klou ladan'l. Kounye-an ou pral chache mitan mòso planch ki nan mitan-an epi w'ap fè yon ti mak ladan'l. Nou ka fè yon ti kout goyin tou piti pou mak-la pa efase. Kisa pou'n fè apre sa, Dan?*

**NAR.1:** *Lè'n fin fè sa, n'ap bezwen yon bout fisèl oswa yon bout kòd pou'n mare nan klou-a. Fisèl-la dwe depase mak ki nan planch ki nan mitan-an. Mare yon plon nan pwent fisèl-la. Nivo A-a pare pou travay. Men, kisa nou ka fè si nou pa jwenn yon ti bout fè pou sèvi plon, Ramo?*

**NAR.2:** *Nou an-nik chache yon ti ròch ki gen anpil pèz. Si posib, jwenn yon ti bout tiyo, nou kab mete yon ti beton andedan'l ak yon ti fè nou ploye foure landan'l. Nenpòt mwayen nou jwenn pou nou fè plon-an, l'ap toujou kapab sèvi.*

**NAR.1:** *PA BLIYE: tout nèg k'ap travay tè fèt pou gen sa yo rele nivo A-a. Li pa koute anpil lajan. E, nenpòt bòs bout*





*manchèt kapab fè'l depi nou ba'l esplikasyon. Depi nou konn manyen goyin, nou gen yon ti fèy planch ak kèk grenn klou, nou kab fè'l alèz. Menm si nou dwe achte'l, fòk nou fò sa, paske se li menm ki pou ede'n sove tè-nou-yo.*


#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Apre nou fin gen nivo A-a, pran lòt zouti-yo (pikèt, fisèl, bèch, pikwa epi pèl-nou epi ale nan jaden-nou. Monte nan tè jaden-an. Kanpe nan yon kwen nan lizè jaden-an epi mete yon premye pikèt. Poze yon pye nivo A-a nan premye pikèt sa-a. Pye ki kole nan pikèt-la pa dwe deplase. Fè lòt pye-an promennen jis fil-la frape plizyè fwa nan mak ki nan mitan-an. Lè li frape mitan-an plizyè fwa sa vle di nou jwenn nivo-a. Mete yon lòt pikèt devan lòt pye-an atò.*

*NAR.1: Apre sa, leve nivo A-a. Mete yon pye devan dezyèm pikèt-la fè menm jan jis fisè-la frape ankò nan mak-la. Nou gen dwa leve fisèl-la, lage'l pou'l frape ankò nan mak-la. Chache jis nou jwenn nivo-a. Kontinye konsa jis nou rive nan bout jaden-an. Se antravè jaden-an nou dwe fè travay sa-a. Apre nou fin mete pikèt-yo nou jwenn sa yo rele koub nivo. N'ap sezi wè kote nivo-a pran ak nou. Kote nou kwè nou ta pase, se pa la nivo-a bay. Kite'l gouvenen kote'l vle ale-an. Li p'ap janm dwat. Se sa ki pral pèmèt-nou rele kanal-yo, kanal kontou.*

*NAR.2: Lè nou fin mete pikèt-yo, n'ap fè yon ti mezi ak yon ti bwa ki gen 30 santimèt longè oswa 1 pye. Ak mezi sa-a mete yon pikèt fas a yon lèt. Konsa nou va genyen 2 ranje pikèt nan yon distans 30 santimèt oswa 1 pye. Apre sa pase fisèl nan 2 ranje-yo epi fouye kanal-la nan mitan 2 ranje pikèt-yo. Si nou gen pikwa, nou kab fouye ak pikwa-a epi mete tè-a ak pèl. Ki pwofondè pou'n fouye kanal-la?*

*NAR.1: Fouye'l 30 santimèt. Voye tout tè nou fouye bò anba, men mete'l kole ak kanal-la pou fòme yon bit. Lè nou fin fouye kanal-la, nou dwe koupe yon tali bò anwo pou dlo pa kapab bimen'l. Mete tout tè-yo bò anba. Lè nou fin fouye kanal-la, nou poli bit-la byen poli ak yon rato. Si nou pa gen rato, nou ka fè sa ak men-nou. Ki lòt bagay?*



**NAR.2:** *Nou dwe plante yon zèb anwo bit sa-a, pou kenbe tè-a. Nou ka plante zèb elefan, zèb ginen, kann elatriye. Tout zèb sa-yo, nou ka koupe-yo tanzantan pou bay bèt-nou-yo paske y'ap toujou fre. Pa plante bagay nou pral fouye tankou manyòk, patat. Sa ka lakòz nou pèdi bit-la. Eske gen kèk lòt bagay nou dwe fè?*

**NAR.1:** *Wi, li enpòtan pou'n pran swen kanal-la. Lè lapli tonbe l'ap pòte tè lage nan kanal-la. Lè kanal-la pran tè, nou dwe netwaye'l, mete tè-a sou bit-la. Li vin gen plis fòs. Si nou pa retire tè nan kanal-an, l'ap plen ak tè. Dlo-a pap jwenn kote pou'l chita, l'ap debòde, l'ap fouye tè-a. Koze gate nèt. Pou nou anpeche twòp tè tonbe nan kanal-la, nou gen dwa plante yon ranje zèb oubyen kann bò anwo kanal-la, distans yon pye pi wo. Konsa nou gen zèb 2 bò kanal-la. Ni tè, ni dlo, tout blije rete nan wòl-yo. Nou kapab fè yon kanal kontou chak 5 mètr si tè-a yon ti jan apik. Nou kab fè'l chak 10 mètr si li pa apik.*

**NAR.2:** *Kanal kontou-an se gwo zen. Li gen avantaj lòt teknik-yo pa genyen. Li fè tout dlo-a antre nan tè-a. Menm yon gout dlo pa kab pati ale nan larivyè. Lè nou fè kanal kontou, dlo-a antre nan tè-a piti. Li gaye anba tè ki anba kanal-la. Kanal kontou, tankou tout lòt teknik-yo anpeche tè-a ale. Sa sete yon lòt jan pou nou konsève tè nou-yo.*

**KONTWOL:** *MIZIK APROPRIYE*

*DE PWOGRAM VANDREDI 17 FEVRIYE:*

*DE: NOU TA RENMEN ENVITE ELVE-NOU-YO EKRI NOU*

*JISKA: E ROSEAUZ: GILBERT ST. JUSTE*

*PRE-GRAVE*

**KONTWOL:** *FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE*



## KESYONÈ POU PWOGRAM 3 PAWÒL

- 1- Nan ki zòn ou rete \_\_\_\_\_
- 2- Eske kote ou rete-an ou tande pwogram agrikòl  
3 Pawòl la klè ?      wi      non
- 3- Eske ou ka tande Radyo Ayiti byen klè kote  
ou rete-an ?      wi      non
- 4- Ki radyo ki rive byen klè bò lakay-ou ?  
\_\_\_\_\_ ! \_\_\_\_\_ ! \_\_\_\_\_
- 5- Kisa ou renmen nan pwogram 3 Pawòl-lan  
\_\_\_\_\_
- 6- Kisa ou pa renmen ? \_\_\_\_\_
- 7- Eske gen kèk emisyon ou ta renmen tande  
yon lòt fwa ?      wi      non
- 8- Eske gen kèk bagay ou ta renmen chanje  
nan Emisyon yo ?      wi      non
- 9- Eske ou ta renmen fè echanj konesans-ou  
oswa kèk pwoblèm ou gen bò lakay-ou ak lòt  
zòn ?      wi      non



**10- Pwogram 3 Pawòl gen kozman sou :**

**Kochon ( )      Kabrit ( )      Chwal ( )**

**Poul ( )      Pyebwa ( )      Ijyèn ( )**

**Diferan Maladi ( )      Sante se Richès ( )**

**Konsèvasyon sol ( )      Konsey Pratik ( )**

**Kisa ou pi pito ?**

**Kisa ou ta vle ajoute ?**

**Bay non yo :**

---

---

---

**Manm IKA yo remèsye-ou pou repons sa-yo k'ap ede-yo  
fè pwogram agrikòl 3 Pawòl-la vin you pwogram radyo  
riral ki reyèlman osèvis kominote-a**





